

kiwari

PAMAPAG KOMARA SUNDA



JUNI '57

1

Wawaranti Redaksi/Administrasi

I. KIWARI :

A. Kanggo saheulaanan medal sasasih sakali unggal kaping -5.

B. Nampi sumbangan2 :

1. Sadjak2, tjarios2 pondok, kritik, essay, drama dst.

2. Lukisan-lukisan (skets, pinjet dst.).

3. Potret2 nu sarae, sapertos potret patilasan2 Sunda kapungkur, potret nu nudju mintonkeun kasenian, potret pamandangan dst., langkung utami upami kertas herang anu dianggona.

4. Biografi para seniman, para pahlawan dst. aru dianggap perlu kauninga ku urang Sunda.

5. Interview2 ka pamirigpin, seniman rajat biasa dst. Kalintang saena upami ngintunkeunana teh disarengan ku potret nu diinterviewna.

6. Dst.

Kanggo sumbangan-sumbangan anu parantos dimuat disajagikeun honorarium.

Sumbangan2 anu teu dipundut ku Redaksi sareng kabuktosan teu tiasa dimuat dina KIWARI, nembe diwangsulkeun deui ka pangintunna upami disarengan prangko Rp. 0,50 eun.

Sumbangan2 supados dialamatkeun ka *Redaksi*, nu sanesna ka *Administrasi*.

II. PANGAOS KIWARI :

1. Etjeran Rp. 4,—.

2. Langganan satriwulan Rp. 11,—, $\frac{1}{2}$ taun Rp. 22,—, sataun Rp. 44,—.

3. Agen sareng langganan-kolektip kenging potongan :

10% upami njandakna 10 ex. dugi ka 30 ex.

20% upami 31 ka luhur.

4. Artos langganan tipajun.

5. Nomer perkenalan teu diajakeun :

a) Pangaos KIWARI No. 1 ieu Rp. 4,—, upami moal digaleuh mugi kersa ngawangsulkeun deui.

b) Upami bade langganan, ieu madjalah parantos lebet kadinja.

III. TARIP ADI'ERTENSI ti ngawitan KIWARI No. 2 :

1. Katja luar: 1 katja Rp. 700,—, $\frac{1}{2}$ katja Rp. 350,—, $\frac{1}{4}$ katja Rp. 175,—. Kontrak sakirang-kirangna 6 sasih-eun: Rp. 600,— Rp. 300,—, Rp. 150,—.

2. Katja lebet: 1 katja Rp. 500,—, $\frac{1}{2}$ katja Rp. 250,—, $\frac{1}{4}$ katja Rp. 125,—. Kontrak sakirang-kirangna 6 sasih-eun: Rp. 400,—, Rp. 200,—, Rp. 100,—.

DIREKSI :

1. R.B. Ardiwisastra.
2. R.S. Wirasasmita.

REDAKSI/ADMINISTRASI:

d/a R.B. Ardiwisastra.
Djl. Kubis IV No. 131.
Blok A II, Kebajoranbaru
D J A K A R T A

KIWARI

PAMAPAG KOMARA SUNDA

REDAKSI :
Rukasah S.W.

NO. 1 TAUN KA I

J U N I 1957.

EUSI

- | | |
|---|-----|
| 1. B U B U K A | 4. |
| 2. KARAHARDJAN, E.B. Kusumah | 6. |
| 3. P E N T J A, Moh. Sadli | 10. |
| 4. NAHA AJA AKSARA SUNDA?, Sungkawa | 13. |
| 5. MOH. AMBRI, Ajip Rosidi | 18. |
| 6. TANJA-DJAWAB DJEUNG IGNAZIO SILONE | 24. |
| 7. BAPA KURING PANGSIUN, Rs. Sutiasumarga | 26. |
| 8. SADJAK-SADJAK : | |
| NU NJINGKAHAN TJINTA, Ajat Rohaedi | 31. |
| IMAH, A. Soetradi | 33. |
| KULAWU, A. Soetradi | 34. |
| 9. SALINAN SADJAK2 : | |
| SIMPE, Rainer Maria Rilke | 25. |
| LENGKAHNA NU NGADEUKEUTAN, M. Mok | 36. |
| 10. LOKOMOTIP 38, SEKE ODJIBWE, William Saroyan | 37. |
| 11. PARKER ADDERSON, AHLI FILSAFAT, A. Bierce | 45. |
| 12. LUTUNG KASARUNG | 52 |

BUBUKA

KIWARI urang ka mendi? Ka komara nu lila ngadago Sunda. Lain tjan kungsi dipiboga, tapi kusabab geus lila: urang poho. Poho, jen Sunda teh baheula boga komara. Padahal ku komara Sunda dipikaserab, dipikaadjrih, dihalormat. Ngandjurkeun sangkan urang daek mapag komara Sunda, lain ngandung harti gila hormat, tapi ngadjauban panghina batur. Hidji bangsa nu kitu, hidji bangsa nu njaho di harga diri.

Hidji djalma nu teu njaho di harga dirina, ngarendahkeun daradjat dirina. Ngarendahkeun daradjat indung-bapana. Ngarendahkeun kulawargana, bangsana, ngarendahkeun ngaran manusa, ngarendahkeun ngaran anu njiptana. Paribasa weh: manusa teh mahluk Pangeran nu pangmulja-muljana. Tapi bet ngamangandeu. Bet djadi goong wungkul.

Manusa digumelarkeun lain keur djadi kekesed batur, lain keur djadi tampolong deungeun, lain keur djadi tjarangka runtah. Tapi boga tugas pikeun ngangkat daradjat dirina, indung-bapana, kulawargana, bangsana, kamanusaan djeung nu njiptana. Unggal djelema ngawakilan sakabeh manusa: saurang gujang dina leutak, kabeh kabawa kotor. Saurang djadi manusa utama, kabeh kabawa agung, agungna manusa, oge Pangeran milu kaangkat daradjatna: Enjaan teu mubadir jeuh, njipta manusa teh, da daek make dajana, da daek make uteukna, da daek make leungeunna, da daek daja-upaja!

Ludeung-teuneung: **AING MAH TEU KABITA KU PANGBITA, TEU SIEUN KU DISINGSIEUNAN.**

Ieu tangtu hartina lain: asal aing untung sorangan, paduli bangsa sorangan. Sabab: lisensi istimewa djeung kalungguhan nu dibikeun ka urang ku batur, bisa ngandung harti ngadjual diri, ngadjual bangsa. Saha nu kaasup bangsa teh? Eta: Indung-bapa, kulawarga, tatangga, pamadjikan sorangan, anak-intju dst.

Etjes: **KIWARI NANGTUKEUN DJAGA.**

Kiwari-Sunda nangtukeun djagana-Sunda. Sunda kiwari milu nangtukeun kumaha rupana Sunda djaga. Rek didjieun kekesed batur? Rek didjieun tampolong deungeun? Ke heula. Tungkul heula tah ka anak nu melong ku mata anu pertjaja. Pertjaja bener ka kolotna, saperti urang pertjaja ka panonpoe jen isuk bakal montjong dewi. Pertjaja ka urang, saperti urang pertjaja jen isuk bakal aja poe anjar dewi anu dipikatjinta ku urang.

Tangguh heula dewih ka indung-bapa: Ema, bapa, naha leres tugas abdi teh neundeun anak intju handapeun suku batur? Sangkan djadi kekesedna?

Wani ngabenerkeun ieu? Ulah meungpeun tjarang, taja gunana.

Djelema nu meungpeun tjarang bakal saumur hirupna djadi musuh dirina. Djelema nu wani nipu dirina bakal saumur hirupna diudag-udag ku kalangkangna sorangan.

Anggur haju ajeuna urang beunta. Urang sanghareupan kajajaan Sunda Kiwari anu sakitu pikasediheunana. Buleudkeun tekad: **BURUK-BURUK PAPAN DJATI. MUN TEU KU SUNDA DEUI SUNDA DIPIKANJAAHNA, REK KU SAHA DEUI ?**

Rek ngandelkeun batur? Ulah djadi baramaen, hina! Djeung deuih barina ge batur mah ngan nguruskeun dirina djeung bangsana sorangan. Aja ngasongkeun leungeun — handjakal — biasana kudu wae aja maksudna.

Geura: Mana, geus aja buku sadjarah Sunda ajeuna? Mana aja urang Sunda nu diangkat djadi pahlawan nasional ku batur? Sanadjan ari nurutkeun kanjataanana mah ngabugbrug, hih da diusulkeun ge teu didenge ku tai tjeuli.

Saha nu salah? Urang! Urang sorangan. Bongan Sunda tara daek pertjaja ka dirina sorangan. Ka bangsana sorangan. Aja we sora sedjen ti sora partejna: Pangatjau, aksi subversip, kaki tangan van Mook — van der Plas !

Saha nu rek ngahargaan Sunda lamun loba keneh Sunda kieu ?

ENTONG NGAREPKEUN BATUR BAKAL MERE HARGA NU SABENERNA KA URANG, LAMUN URANG SORANGAN GEUS TEU NJAHO DI KAAJAAN SORANGAN DJEUNG KAAJAAN LEMAH TJAI SORANGAN.

Talungtik sadjarah Sunda ti baheula nepi ka kiwari. Talungtik perdjuangan Sunda djeung lara-balangsakna Sunda ti baheula nepi ka kiwari.

Sunda geus lila teuing bolostrong. Geus lila teuing naif. Geus lila teuing pertjajaan teuing ka batur.

Geus wantjina ajeuna urang waspada, kritis.

Program partej andjeun, tjan ngadjamin jen dina praktekna djelema2 nu ngamudikeun partej andjeun bakal ngadjalankeun eta.

Geura we pikeun tjonto: ketjap „kesatuan”, ku nu boga niat hajang ngadjadikeun selerbangsana djadi inti bangsa, bisa dipake pakakas supaja bisa narima „kabidjaksanaanana”, sanadjan terang-terangan ngarugikeun selerbangsa andjeun.

Blus ka pamongpradja, Djawatan2 dst. didaerah batur suku-bangsana sorangan, atawa supaja ulah katjiri teuing neangan putra daerah anu daek didjadikeun kaki-tanganna: trouw tot in den dood, anu henteu „propinsialistis.” Pondokna mah anu naif nepi ka daki-dakina! atawa mun satjara lemesna mah nu daek didjadikeun a dog, ari dog, dog tjutjunguk.

Eta kakara hidji tjonto wungkul, mun daek ngorehanana: mun teu abring-abrangan tah hasil suka-sikuna abong.

Sunda! Geus waktuna urang sibeungeut.

Kasalahan generasi Sunda nu ti hareula: TEU SADAR JEN UNGGAL KIWARI NANGTUKEUN RUPANA DJAGA.

KARAHARDJAN



INDONESIA kamashur nagara subur tur ma'mur, nu disebut : gemah ripah loh djinawi tea.

Hal ieu diaku ku sarerea kalawan kanjataanana, matak ba-leunghar Walanda matak senang bangsa asing, ti djaman djadjahan keneh tug nepi ka ajeuna; ari pribumina mah, bangsa Indonesia aslina, tetep aja dina tahapan pepetek. Mun ningal ka dinjana, subur ma'murna Indonesia tek ukur keur batur, ari urang nu bogana, djadi tukang laladjona.

Dina sanggeusna Indonesia merdika djeung kawasa (berdaulat) aja oge ondjojna, make aja anu beunghar ngadak2, nu senang antjal-antjalan; tapi ari lolobana mah nja ketu tea bae, nu kaitung sangsarana. Malah aja nu leuwih njedihkeunana, saperti kadjadian anjar2 ieu, urang kampung tinglalimbung, njaliar beas djeung ujah dina poean pabaru, dumeh warung pada tutup. Ieu teh kadjadian di puseur dajauh R.I. di tengah2 kota Djakarta Raya.

Njawang kana kadjadian nu sarupa kitu, sim kuring nepi ka ngadjembel maneh, sugan teh ngimpi nudju pelesir di Peking.

Pantja Sila katjida hadena didjadikeun dadasar adegan R.I. kalawan patokan: Katuhanan jang Maha Esa, Kadaulatan Rakjat, Kabangsaan, Kaadilan Sosial djeung Peri Kamanusaan.

Ku ingetan asa moal aja UUD nagara sedjen anu leuwih hade ti Pantja Sila, estu karawu kapangku sagala aja, basana palatri sacutik

KARAHARDJAN

mahi, pondok tjatur pandjang maksud, djenglengan djiwa Indonesia, dina nudju kaunggulan lahir henteu ninggalkeun kamuljaan batinna.

Ku kituna mungguhing pikeun urang mah ngan kari metakeunana bae sing enja², tegesna: dina ngadjalankeun Kakawasaan (Kadaulatan Rakjat) teh kudu dibarengan ku ugeran Katuhanan (Kagamaan) ditudjukeun kana Karahardjan Kabangsaan, make wawaton kama'muran nu walatra (Kadadilan Sosial) djeung ulah tinggal ti Kamanusaan. Insja Allah dimana sakabeh djalma — babakuna nja para bapa pamimpin saban golongan, unggal lapisan, ti sagala aliran, nepi ka para bapa pamimpin rumah tangga pisan anu djadi tugu umpi — pada kukuh teguh metakeunana Pantja Sila sakumaha nu kasebut tadi, moal boa Indonesia bakal leuwih gantjang ngahontal maksud na mipit hasilna: *Kadjajaan, Karahardjan Nusa djeung Bangsa saumumna teh.*

Sakitu gampangna geuning ditjaritakeunana mah Pantja Sila teh, tapi kumaha dina praktekna?

Ajeuna haju urang njoba² ngaguar kaperluan hirup sapopoe nu pangpentingna, nja eta tina perkara: sandang, pangan djeung paimahan.

Pikeun kaperluan sandang, sangkan ulah kakurangan, urang kudu ngabogaan pabrikna, rupa² pabrik tinun anu ngahasilkeun bahan pakean satjukupna keur kaperluan urang sarerea.

Nurutkeun bedja, ajeuna ge henteu kurang pabrik tinun di urang teh, meh di saban kabupaten aja, teu atjan ngitung bangsa pabrik badju-kaosna, kaos kakina djst. nja kitu deui pabrik² batikna. Ngan aja nu teu pikahartieunana teh, magarkeun teh meh sakabeh pabrik pada djumerit lantaran kurang pajuna djeung kakurangan ku bahan bedjana mah.

Dina kituna urang kudu waspada, sing telik kana sabab-sababna nu matak kurang paju. Bisa djadi meureun pangna kitu teh dumeh katitih kualitetna ku buatan deungeun, mun teu kitu boa lantaran kalkulasina luhur teuing atawa aja deui lantaran sedjen-sedjenna.

Ari tina perkara kakurangan bahan dipikirna kudu kieu: sakabeh pabrik tinun nu aja di urang bahanna teh tina benang, ari benang babakuna didjieunna tina kapas, nu bisa dipelak di tanah urang kalawan suburna. Ku kituna matak naon atuh upama di urang sakur nu ngabogaan tanah ngoblog, dikudukeun merelukeun melak kapas — ulah ari nepi ka diwadjibkeun majar padjeg ku kapas onaman. Saterusna eta kapas didjieun benang di urang, sangkan pikeun kaperluan pabrik tinun henteu kudu ngadatangkeun benang ti mantjanagara.

Tuh geuning gampang keneh bae ieu oge ku tjaritaan mah.

Kumaha pidjadieunana lamun kadjadian sakabeh pabrik tinun di urang tutup lantaran teu aja bahan? Moal boa harga bahan pakean teh bakal naek nepi ka teu pikabeulieun ku djalma lumrah,

djaba ti kitu urang tangtu bakal gumantung ka luar nagri pikeun kaperluan sandangna. Lian ti eta oge sabaraha rewu urang pagawena anu ngalanggur, nu ahirna moal boa aja matakna kana karahardjan nagara deui.

Dina urusan pangan, dahareun, kaperluan sapopoe, anu djadi pokona di urang nja eta beas. Ku kituna bet djolbreh geuning, jen urang kudu ngalegaan sawah djeung huma, mun teu kitu kudu ihtar sangkan mutjekil hasilna dina sakali-kalina panen teh. Upama teu kitu lapur, salilana urang bakal kakurangan dahareun, mangkaning tambahna tjatjah djiwa Indonesia dina sa taun2an teh \pm 1.000.000 urang, barang tanah anu digarap tetep sadjaman 50 thn. ka tukang, katurug-turug dina ngagarapna masih tjara buhun keneh tur parobot nu dipakena oge estuning lumajan pisan. Tah ku kituna sarerea ge bolbol ngarti meureun, kumaha pitjukupeunana hasil pare di urang pikeun kaperluan sarerea dina samusim-musimna, mangkaning sakitu teh tatjan ngitung sawah anu diberakeun, huma anu direumakeun, ditinggalkeun ku nu bogana patali kana kangguna kaamanan.

Sawatara taun ka tukang, patali kana hal ieu, aja bedjana Pamarentah geus ngadatangkeun traktor sababaraha puluh atawa ratus nu maksudna keur ngagarap pasawahan, dumeuh traktor leuwih gede tanaga djeungna leuwih gantjang digawena batan munding puluhan rakit. Ku kituna tjeuk itungan mah puguh bae matak nguntungkeun djeung ngentengkeun gawe patani. Tapi duka naon nu djadi sababna, nepi ka kiwari kuring teu atjan kawenehan ningal traktor nu ngawuluku sawah di Pandjalu atawa ngagarap huma di Malausma.

Indonesia dimashurkeun nagara nu pangsuburna, tanahna pangriduhna, nepi ka aja dongeng babasanna, anu magar aja djalma nu tinggaleun iteuk di tengah djalan, barang dibalikan deui geus salin djinis iteukna teh djadi tangkal.

Nja kitu deui rahajatna, bangsa Indonesia beunang disebutkeun ahli tatanen, tandana upama urang ningal pasawahan satungtung tingal anu parena keur koneng, sarerea ge tangtu ngarasa bungah, gede hate asa nendjo lautan emas nja kitu deui dina ningal palawidja ngemploh hedjo tara teu bungangang hate. Hal ieu kabeh nandakeun jen urang pada perlu ku hasil bumi, tjiri ngabogaan getih tatanen. Djadi lamun urang enja2 tina hal kaperluan sapopoe teu hajang gumantung ka nagara deungeun, asa teu kudu dipake seungguh, ngan tinggal ngeprik tanaga nu geus beunang ngalatih, sabab nurutkeun tjatjah djiwa internasional, Indonesia kaasup nomer genep tina tanaga manusa, asal dipingpin ku para pamimpin anu bener barisa mimpinna dina masing2 golongan. Ari mungguhing tanahna mah di Sumatra, di Kalimantan, di Sulawesi dalah di Irian Kulon ge kapan lega keneh pisan anu teu atjan kagarap teh.

Sakurang-kurangna utama upama rahajat dikeprik sina da-raekeun pepelakan bangsa nu tereh kapetik hasilna kaala buahna, tjara djaman pendudukan Djepang nu ngadjalankeun ekonomi pe-

KARAHARDJAN

rangna, kapan nepi ka teu meunang aja tanah anu ngoblog, dalah pakarangan pisan ge teu weleh ditomatan, dibajeman, malah kembang nu dina pot pisan ge diganti ku saledri djst. Hal nu sarupa kieu perlu didjalankeun pikeun ngenteng2 kaperluan.

Tuh geuning ieu oge teu sakumaha hesena ari ku tjaritaan mah. Ajeuna tinggal kaperluan hirup anu katilu, nja eta tina hal paimahan.

Lantaran rupa2 hal, dajeuuh djadi pamuseuran djalma, pangdjugdjugan sarerea nu daratang ti suklakna ti siklukna kalawan niat arek usaha ngadon njiar kahirupan, dumeuh dajeuuh djadi puseur pausahaan tempat djawatan2, kitu deui henteu kurang anu daratangna ka dajeuuh teh kalawan maksud njambungkeun umur, ngadon ngungsi njingkiran karisi djeung karempaan hate dumeuh lemburna teu aman, sok didatangan gorombolan nu sok kukad-kukud boga batur, mun teu mikeun sok nandasa kadangkala njabut pati. Beuki lila djiwa kota tambah rea, nepi ka djumlahna imah teu njukupan da kurangna loba teuing, nadjan didedet hidji-hidjina imah deusian ku sababaraha kuren oge loba keneh kurangna teh. Kitu sababna anu matak di Djakarta, rea nu disebut „rumah liar”, nja eta imah2 nu diadegkeun ku djalma sakarep-karepna nadjan lain dina tanah anuna oge; sakitu teh henteu ngitung reana djalma2 nu sok sarare di hareupeun toko2 sisi djalan, di los pasar di kolong sasak atawa dina kuluwung ledeng tjai.

Patali kana hal ieu Pamarentah, djawatan2, pausahaan2 badan2 sosial, teu tjaritjingeun, nja terus alihtiar njarieunan bangunan2 piimaheun para pagawena, tapi nadjan kitu kakuranganana ku imah masih tetep keneh bae lantaran taja eureunna djalma2 ti manamendi pada daratang ka Djakarta kalawan rupa2 maksud sakumaha nu diterangkeun tadi.

Akibatna kaajaan tanah di Djakarta teu sarua, aja milik, tanah Pamarentah djeung aja oge tanah partikulir (tuan tanah), imah2 di kampung beunang disebutkeun sakarep-karep pisan dina ngadegkeunana, sakadaekna.

Ku kituna tangtu djauh pisan bedana djeung kaajaan imah2 di pakampungan nu di tanah pamarentah atawa milik nu marake aturan, puguh djadjaranana, diatur djalan-djalanna, nepi ka dimana aja urusan gugup-riput teh teu hese nulunganana.

Imah-imah resmi — nu diadegkeunana kalawan idin polisi perumahan kotapradja — geus pasolengkrah, komo deui mungguhing imah2 djarah mah, tambah teu aja aturanana, darapon deg bahanna ge sagawajah asal bisa ngiuhan wungkul, matak tambah sareuk-seukna. Henteu kurang djumlahna imah djelema nu kaelehkeun ku kandang ingon-ingon.

Ngingetkeun kana Kaadilan Sosial nu aja rengkolna dina Pantja Sila, nja kitu deui lamun ngingetkeun jen R.I. didadasaran Kadaulatan Rakjat, asa leuwih ti pantas, mun Pamarentah ngaheulakeun
(Njambung ka katja 12).

PENTJA

when we were young
runs the widespread and
oft-repeated plaint, „things
were different. Our genera-
tion respected their elders,
and knew how to worship
the gods. Today everything is
changed; the young are unwill-
ing to learn and to follow”.

M.J. Herskovits.

DINA collectief onderbewustzijn bangsa urang pentja teh ngarupakeun hidji pusaka kabangsaan anu dipusti-pusti, tapi lantaran teu kapiara, djumlah ahli pentja nu katjeluk beuki lila beuki kurang. Tjeuk tetendjoan sim kuring, nja eta sabab generasi heubeul henteu bisa ngabapa ka djaman, ngindung ka waktu, ari generasi anjar umumna henteu rela tunduk kana tjara diadjar nurutkeun aturan2 baheula. Ku ajana pangaruh kabudajaan Barat generasi anjar umumna henteu rela tunduk kana tjara diadjar nurutkeun aturan2 baheula. Ku ajana pangaruh kabudajaan Barat generasi anjar djadi kritis, tapi sakapeung sok kritis teuing, nepi ka teu daek ugarawatan warisan ti luluhur.

Teu atjan lila muntjul maksud arek ngajakeun panalungtikan tina hal pentja. Usaha nu sarupa kieu teh sawadjarna. Lamun urang njuktjuk2 kana sadjarah kabudajaan purbakala, urang tangtu bakal djadi sadar, jen memang geus djadi kawadjiban generasi anjar pikeun ngadukung eta panalungtikan, malah mandar bisa dibawa kana taraf anu universil, anu ilmiah. Runtagna kabudajaan Mesir dina djaman baheula pangpangna ku sabab kamadjuan kabudajaannana teh henteu luput tina panjakit formalisme anu ngahambat kana djalanna kamadjuan anu sehat, nepi ka ahirna urang Mesir ngedul mikir (lethargie). Padahal bangsa Mesir teh kaitung bangsa anu pangheulana madju: dina taun 4241 samemeh Masehi bangsa Mesir geus bisa njieun pananggalan; 4000 tahun s.M. geus bisa ngadegkeun hidji pamarentahan anu mimpin rajat badjuta-djuta djiwa; sateuatjanna taun 3000 s.M. geus bisa njiptakeun aksara nu pang kunona; antara taun 3000 djeung 2500 s.M. geus njieun piramid. Sadjabana ti eta kamamu'ran anu dibawa ku kamadjuan kabudajaan teh lamun teu disalurkeun kana djalan anu tepat matak ngadatangkeun kamewahan, anu ahirna matak ngurangan kana daja budaja: daja djasmani djeung rohani, daja mikir djeung daja njipta djadi lemah.

P E N T J A

Ari tina perkara pentja, karuhun urang teh katjida pisan maherna dina urusan ilmu pembelaan diri. Nurutkeun dongeng turun-temurun, djuragan Hadji Ibrahim anu njiptakeun pentja Tjikalong, ku maher-maherna mangamenkeun pedangna, dugi ka iasa nilasan meong lodaja waktu eukeur moro djeung wargina anu harita djadi Bupati Tjiandjur. Muridna, Djuragan Obing, baheulana djadi Naib Sukanagara iasa ngagulangpaperkeun murid saper tos dalang ngigelkeun wajangna. Ieu mah ku sim kuring masih keneh kaalaman.

Handjakal pisan pentja Tjikalong teu pati njebar, sarua bae djeung aliran2 sedjenna, sapertina Tjimande, Sera dset., beuki lila beuki laleungitan.

Ari sababna tjeuk pamendak sim kuring lain lataran ku koret na nu djadi guru, tapi nja eta sabab arandjeunna henteu laleukeun ngadamel sistimatik pakeun nerangkeun rupa2 kaedah, djeung henteu kersaeun njiptakeun metodik supaja elmuna gampang diadjarkeun ka muridna.

Sim kuring mimiti diadjar mentja waktu mangkat ahir baleg, kabawakeun ku adat istiadat djaman harita. Baraja2 anu saumur djeung sim kuring diadjarna nja ka djuragan Obing tea. Harita mah make kudu ditawadjuhan heula, samemeh urang ditarima djadi murid teh. Perkara ieu tawadjuh engke urang bahas ti pandeuri Ajeuna urang njaritakeun prakprakanana diadjar heula. Sim kuring djeung babaturan, genep bulan lilana diadjar kuda2 wungkul. Ku guru diterangkeun kumaha kuduna napa~~keun~~keun, ngagilirkeun, melengkungkeun djeung njepakkeun suku. Sim kuring djeung babaturan ngan saukur ditjontoan bae ku guru teh.

Lamun salah nja kudu ngamimitian deui bae. Henteu diterangkeun sapertina: jen 60% tina sakabeh otot2 urang ajana dina sakurilingeun suku; jen kudu diajakeun latihan koordinasi diantara eta otot2 anu sakitu lobana teh; jen eta otot2 kudu dilatih supaja kuat; jen kabeh sendi kudu dilatih supaja lemes, supaja henteu njeri upama digerakkeun; jen melengkungkeun sendi ulah ngaliwatan watesna, supaja gaja berkas (veerkracht) sendi ulah djadi ngurangan; jen koordinasi otot2 teh kudu salaras djeung maksud tiap2 gerak, djadi ukuran makena tanaga ku tiap2 otot kudu dibedakeun djeung dirobah-robah; jen otot2 anu henteu eukeur dipake kudu dikendoran (relex), supaja ngahemat pamakean tanaga (energieverbruik); jen dasar poko kuda2 teh latihan kasimbangan (evenwichtsoefeningen) badan urang anu salilana henteu bisa luput tina gaja beurat (zwaartekracht); jen urang moal bisa mentja lamun kuda2 urang henteu bener.

Saur guru: boh tjonto guru, boh gerak urang kudu dilenjepkeun djeung dirasakeun ku urang sorangan sing nepi ka kaharti.

Nurutkeun adat istiadat djaman harita, murid teu meunang tatanja ka guru, sabab dianggap kurang sopan. Lamun aja kaedah anu kudu diterangkeun, nja urang teh kudu ngadagoan kersana guru maparin katerangan. Mimitina mah katjida teu resepna urang kudu ngale-njepkeun djeung ngararasakeun gerak sorangan teh, tapi lila-lila mah djadi biasa oge.

Baris disambung.

* *

*

Sambungan tina KARAHARDJAN (katja 9).

ngurus rahajat saumumna teh.

Adegkeun karaton Rakjat anu alus djeung tohaga, nepi ka bisa ngampihan sakabeh rakjat nu teu barogaeun padumukan.

Keprik kamantrian Sosial sina digawe enja2 satjara sosial, nja kitu deui bagian2 kasosialan nu aja di unggal djawatan sina ngadjaralankeun kawadjibanana sabener-benerna, sabab mun teu kitu bisa djadi a-sosial.

Naha Aja Aksara Sunda ?

KUNGSi dina WARGA aja pananja kieu: Ari tjarakan (hana tjaraka dst) teh aksara saha atuh? Naha aksara Sunda atawa aksara Djawa? Sarta lamun aksara Sunda, naha henteu hade lamun diadjarkeun deui di sakola-sakola?

Pananja2 di luhur harita teu kungsi diputuskeun, tapi hidji hal anu njata: Sunda tjan njahoeun jen hanatjaraka teh aksara DJAWA !

— Aksara Djawa? tjeke ki Panasaran, naha atuh ari aksara Djawa mah make diadjarkeun di urang? Djeung lamun bener hanatjaraka teh aksara Djawa, naha aja aksara Sunda? Lamun aja, kumaha rupana ?

Perkara diadjarkeunana aksara Djawa di urang, kudu ngamalun jeun sipat Sunda teu kaop aja nu anjar sok gabrug we dirontok bari teu madulikeun kana kaboga sorangan.

Barang djol agama Islam, djigana djol dianggap haram we sagala nu bau-bau lain Arab teh. Aksara Arab dirawu dipake ganti aksara sorangan, bari teu madulikeun kana praktis henteuna aksara Arab pikeun ngagambarkeun basa Sunda.

Djigana lila ti lila kakara jen aksara Arab teh kurang praktis keur basa Sunda mah, tapi lapur, aksara Sunda geus langka nu make.

Tah, djigana keur dina kaajaan kieu, djebul kangmas ti wetan njandak aksara Djawa. Para bupati, bubuhan ngadunungan, nja dina serat-sineratna ka dunungan teh nganggo aksara sareng basa Djawa.

Tah kitu djigana mah ringkasna riwayat numatak aksara Djawa dipake di urang teh : salah Sunda sok teu njaah kana kaboga sorangan.

Tapi untung henteu kabeh, da buktina aja keneh anu mitjinta kana aksara Sunda.

Nja diwariskeun ka urang diantarana: Tjarita Waruga Guru (tingali sabagian tina eta tjarita dina katja 16 anu kungsi dimuat ku Pleyte dina „Tijdschrift voor Indische Taal —, Land — en Volkenkunde” djilid LV).

Tina eta Tjarita Waruga Guru ku J.P. Moquette dipilihan unggal aksara sarta terus diturutan, nja meunang daptar aksara saperti nu katinggal dina katja 17. Susunanana tangtu wae dihanatjarakeun, kusabab teu njaho kumaha susunan nu sabenerna. Nu dikanjaho keun ku urang Walanda ngan susunan aksara Djawa wungkul, sedeng susunan aksara Sunda mah entong boro bangsa

deungeun, nu bogana sorangan ge, urang Sunda, geus teu njahoeun.

Sanggeus pasti ajeuna mah, jen aksara nu ku urang kungsi dipake dina djaman Walanda teh aksara Djawa, lain aksara Sunda, asana euweuh gunana deui make dipake ku urang Sunda sagala rupa ajeuna mah.

Lamun dipake deui ku urang, bo tjilaka, eukeur mah eukeur Boedi Oetomo hajang ngawangun kabangsaan Djawa nu ngawengku pulo Djawa djeung Madura hajoh ieu dibere djalan. Eta sababna mah numatak Kongres Pemuda Sunda mroklamasikeun: PULO DJAWA diganti ngaranna djadi: NUSA SELATAN; ngaran propinsi DJAWA BARAT diganti ku: propinsi SUNDA; menta wangunan nagara Republik Indonesia tina Kesatuan dirobah djadi: FEDERASI oge: taja lian ngan kusabab :

Tembong gedjala2 aja nu hajang neruskeun ngen-angen Boedi-Oetomo kudjalan: njalah-gunakeun kalungguhan, kedok „Kesatuan”, „Nasional Indonesia” djeung muter-balikkeun sadjarah, diantarana: supaja tanggal waktu diadegkeunana Boedi-Oetomo dianggap satjara: HARI KEBANGUNAN NASIONAL! 1)

Ajeuna pananja: Aja perluna lamun urang ngadjarkeun aksara ieu ka para peladjar?

Pikeun panulis sorangan asa euweuh gorengna. Sabab disagigireun bisa ngagambarkeun basa Sunda teh (kabeh aksara nu diperlukeun pikeun ngagambarkeun basa Sunda sadia), ku hirupna deui aksara sorangan, urang Sunda bakal leuwih gede kapertjajaan ka dirina ti batan lamun teu boga aksara sorangan. Ieu lain ngandjurkeun supaja aksara laten ulah dipake, tapi susuratan antara Sunda djeung Sunda make aksara Sunda asa euweuh gorengna.

1) Naha teu tjukup ku 17 Agustus 1945 kangmas Profesor Dokter Sukanto? Teu kedah nganggo alesan: „sanadjan Boedi Oetomo make ngaran basa Djawa, tapi njata jen tudjuanana mah rek ngamadjukeun rakjat pulo Djawa djeung Madura hususna, Indonesia umumna”, da brosur „Javaansch of Indisch Nasionalisme?” ngomong ku maneh! Geura jeuh aos katja 3: „Het is daarom van de stichters van Boedi-Oetomo goed ingezien om deze vereeniging uitsluitend te bestemmen voor Javanen. (Dit zijn de eigenlijke bewoners van Java — en tot het eiland Java behoort ook Madura).” O, o, djadi urang Djawa teh penduduk asli pulo Djawa djeung Madura! Hej! an urang Sunda teh immigran opo?

Geura jeuh ieu deui kangmas Profesor Dokter (katja 4): „Laten wij hier nu eens even nagaan, wat B.O. wil, wat Sarekat Islam en Insulinde willen. Allen streven naar hetzelfde doel — naar een waardig volksbestaan. Insulinde voor het Indische volk, Sarekat Islam voor het Inlandsche volk en Boedi-Oetomo (awas! batja lalaunan kangmas) voor het Javaansche Volk.

Apan djelas kangmas didinja ge: **sarta Boedi-Oetomo keur urang Djawa!** Ulah korupsi sadjarah ah pamali! Atos puguh teu leres nangtoskeun diadegkeunana kota Djakarta (naha haram upami dietang ti ngawitanana diadegkeunana **Nusa Kalapa?**) hajoh ngadamel kalepatan nu kadua.

Kupingkeun kangmas! Urang Sunda teh teu bodo: Gadjah Modo menta dianggap pahlawan Nasional: ditolak, bongan nipu Sunda djeung dimana teuing bisana Gadjah Modo boga tjita2 supaja djadi hidji bangsa Indonesia, Boedi-Oetomo we nu sakitu tjikeneh pisan, masih ngagugulung kabangsaan Djawa!

Ajeuna kangmas hojong ngadjadikeun poe diadegkeunana Boedi-Oetomo djadi **Hari Kebangunan Nasional?** Mangga teh teuing, upami nu dimaksud **Hari Kebangunan**

NAHA AJA AKSARA SUNDA ?

Eta tjenah aksara f, v, x, y, i euweuh? Atuh ari perlu2 teuing mah ajana, f. djeung v tjokot we tina ba (keur naon satilu-tilu?) Kitu deui y djeung i, tjokot we tina i (apan eta ge aja tilu deui). x lamun embung make ks, njipta deui we aksara anjar nu deukeut kana ka djeung sa dst. Keur angka, pake we angka biasa, tapi lamun embung euweuh salahna njipta sorangan.

Ajeuna tinggal hidji deui. Kumaha saenjana susunan aksara Sunda teh, naha hana tjaraka saperti aksara Djawa, atawa a i u o eu, atawa a ba sa da dst.?

Kuring hajang bisa ngadjawab soal ieu, ngan handjakal sanajan kungsi ge tilu kali njoba tapi: peuting kahidji, nihil, peuting kadua idem, peuting katilu kitu keneh. Ngan aja ketah tambahna dina peuting katilu mah, sabab barang kuring geus beak pangharepan, teu ku hanteu djo1 we aja pananja ka diri sorangan: *Naha ngan 7 aksara wungkul nu aja pasanganana teh? Naha lain kusabab munel pisan kitu numatak eta aksara nu 7 teh dibere pasangan pikeun tanda penting?* Boa-boa nja ieu kontjina, tjeuk kuring dina hate. Tjing urang tjobaan.

Nu aja pasanganana teh aksara2: NA, DA, WA, PA, JA, MA djeung BA. Tjing urang atur susunanana sugan we aja hartina: Nadawajapamaba euweuh hartina.

Kumaha lamun: PA, DA, MA, WA, BA, JA, NA. Pada mawa bajana heh? Pada mawa bajana = pada mawa bahajana = pada mawa takdirna masing2 = satjilakana-satjilakana.

Naha kudu „pada mawa bajana” kitu disebutna aksara Sunda teh ?

Wallahualam bisawab, mung Pangeran djeung Karuhun nu uninga.

Njanggakeun pasualan, kulan.



Nasional na teh Hari Kebangunan Nasional Djawa.

Ari kanggo Sunda mah Hari Kebangunan Nasional teh tetep we 17 Agustus 1945. Nuhun kana pangasih Boedi-Oetomo kana hojong ngalebetkeun Sunda kana Kabangsaan Djawa, nanging kumaha atuh da : ieder heeft zijn eigen trots! Tangtos we Sunda emoh dilebur djadi Djawa, sapertos oge bangsa Djawa alim dilebur djadi Sunda. Padahal lamun Sunda boga djiwa pendjadjah kangmas, wah mo antaparah deui djigana teh bakal ngomong kieu :

„Nu disebut bangsa Sunda teh pangeusi kapuloan Sunda Gede djeung Sunda Leutik, sabab nja urang Sunda saenjana mah penduduk kapuloan-kapuloan eta teh.” Ngan untung henteu kangmas. Rupa-rupana eusi Mukadimah U.U.D. '45 teh enjaan nje-rep ka urang Sunda mah : „Bahwa sesungguhnya kemerdekaan itu ialah hak segala bangsa oleh sebab itu, maka pen djadjahan diatas dunia harus dihapuskan, karena tidak sesuai dengan peri-kemanusiaan dan peri-keadilan.

Apan eta teh lain peringatan keur batur wungkul, tapi oge keur urang ! Pendekna mah : Hej Bangsa Indonesia. Engkau anti pendjadjahan, djadi engkaupun djangan mampu nja djiwa pendjadjah. Sikat djiwamu bersih2 ! Dan djagalah bangsamu dari bahaja pendjadjahan siapapun djuga. Sarta kusabab eta : timbul **Gerakan ka-Sundaan !**

Yam. des. 18: 74.

Waruga goone.

Handwritten text in a script, likely a form of Javanese or Balinese, consisting of several lines of characters.

Ini Tjarita Waruga Guru. Eta nu njakrawa-
ti nu poek amnggen tulus, da kudjaba di
nu bodo, nu tarrabuka, prajaji, sakarep
kasorang tinerang merwang guru, ratu pussaka di djagat
jaramodita, eta kanjahokenn: Ratu Ga-
uh, kerna hidjil ti alam gaib, nja
Nabi Adam ti heula. Ratu Galuh dienggon-
reun sasaka alam dunja, basana
urun ti langit masuhur, turun ka lang-
ngit djambalulah, turun ka langngit
antjara, turun ka langngit purasani, tu-
run ka langngit imten, turun ka lang-
ngit ka (n) tiana, turun ka langngit putih, tu-
run ka langngit ireng, turun ka langngi-
t dunja, dia kalangngan tata lawas tu-
run ka gunung Djakalkap. Miu(?)pami Ratu Ga-

BUBUKA TJARITA WARUGA GURU

NAHA AJA AKSARA SUNDA ?

Ha	ᮊ, ᮃ		A	ᮊᮊ, ᮊᮋ
Na	ᮄ	ᮅ	I	ᮆ, ᮇ, ᮈ
Tja	ᮉ		Oe	ᮉ
Ra	ᮊ		E	ᮊ, ᮋ
Reu, Rē	ᮌ		Ē	ᮍ
Ka	ᮎ		O	ᮎᮏ
Da	ᮏ	ᮐ	e	ᮑ
Ta	ᮒ		ē, eu	ᮒ
Tra	ᮓ		o	ᮑ
Sa	ᮕ		i	ᮓ
Wa	ᮗ, ᮘ	ᮙ	oe	ᮔ
La	ᮚ		-r	ᮕ, ᮖ, ᮗ
Leu, l. ē	ᮛ, ᮜ		-r-	ᮘ, ᮙ
Pa	ᮞ	ᮟ	-h	ᮚ, ᮛ, ᮜ
Dja	ᮠ		-ng	ᮞ
Ja	ᮡ	ᮢ	Pamaeh	ᮣ
Nja	ᮣ		Tanda kalimat	
Ma	ᮤ	ᮥ		ᮤ, ᮥ, ᮦ
Ca	ᮧ			ᮧ, ᮨ, ᮩ
Ba	᮪, ᮫, ᮬ	ᮭ	KATERANGAN:	
Nga	ᮮ		Nu dibentangan hareupeu-	
			nana aksara pasangan	

Sanes aksi, nanging reaksi. Sanes memetjah-belah, nanging ngadjaga persatuan supaja ulah antjur tah kabangsaan Indonesia teh kusabab kasalahan sababaraha djalma nu hajang ngoper kakawasaan bangsa Indonesia ka suku bangsana!

Menta Federasi teh lain ngadjalankeun pulitik Van Mook — van der Plas, tapi ngadjaga supaja ulah ngagugudag rassennaat (ngewa ka sukubangsa sedjen) anu lamun diantep bakal ngantjurkeun nagara. Menta Federasi teh menta djaminan: turunan sorangan moal diandih deungeun, da aja wates: **ieu daerah kula, eta daerah andika**. Mending mana nagara kasatuan anu didjerona teu beda djeung tjatang bobo, djeung nagara federatif anu kuat saperti sapu-njere?

Moh. Ambri

MOH. AMBRI teh hidji budjanga Sunda anu djadi bapa aliran realisme dina kasustraan Sunda, babakuna ku lantaran buku2na: *Mundjung. Numbuk Di Sué. Lain Eta.*

Andjeunna dibabarkeun di Sumedang dina tanggal 8 September 1892, sarta tilardunja di Djakarta dina tanggal 5 April 1936, 21 taun ka tukang. Djadi juswana teh ngan nepi ka 44 taun. Waktu 44 taun teh ditilik tina djihad sadjarah mah taja hartina pisan, tapi ari keur umur manusa mah, hartina umur manusa bangsa urang da di Barat mah umur



44 taun teh karek „lahir” opat taun, apan tjenah katjapanganana oge „life begins at forty”, umur 44 teh nja kaasup „pandjang” oge, da ari liwat bae ti opatpuluh, djalma teh siga geus djadi nini2 atawa aki2. Umur nu 44 taun teh ku Moh. Ambri geus digunakeun pikeun ngaabadikeun djenenganana dina lambaran kertas mangrupa tjarita. Ari tjaritana lain bae asal tjarita. Kapan dina djaman harita teh masih djaman ngarakit dangding njeun wawatjan, da tjeuk ukuran sastra djaman harita mah tatjan ka anggap mun ngarang dina basalantjaran bae henteu dina dangding teh.

Tapi ari hakekat realisme mah lain dina dangding atawa basalantjaranana, da apan ari ngan wungkul nulis dina basalantjaran mah Moh. Ambri teh lain „palopor”. Geura mangga: andjeunna ngawitan ngarang kira2 dina taun 1930, 16 taun sanggeusna *Baruang Ka Nu Ngarora* jasa D.K. Ardiwinata kaluar. (*Baruang Ka Nu Ngarora* mimiti terbit dina taun 1914). Kitu deui samemeh Moh. Ambri teh leuwih tiheula kamashur karangan2 Memed Sastrahadiprawira anu oge seur njerat dina basalantjaran di sagigireun njerat dangding teh. Tatapi sanadjan kitu, boh D.K. Ardiwinata atawa Memed Sastrahadiprawira teu bisa disebut bapa realisme

dina kasusastran Sunda. Dina *Baruang Ka Nu Ngarora* sanadjan alus pisan digambarkeunana kahirupan sosial masarakat Sunda dina katompernakeunana abad ka 19, tapi D.K. Ardiwinata teh henteu bertolak tina realita tapi tina adjaran hade-goreng nu dianutna, ari gambaran kahirupan masarakat Sunda mah ngan ukur djadi ilustrasi. Kitu deui krangan² Memed leuwih bener mun digolongkeun kana aliran romantik. Memed teu wani njanghareupan kahirupan sapopoe nu kaalaman ku bangsana nu sangsara, nja tuluj andjeunna neangan alam impian nu sarwaendah tina sadjarah. Djadi beda pisan djeung Moh. Ambri. Moh. Ambri mah satjara djudjur djeung teuneung wani njanghareupan kanjataan sapopoe nu dialaman ku bangsana.

Dina karangan² Moh. Ambri kagambarkeun kahirupan, watek, kapertjajaan, impian, harepan, kabiasaan sarta adatistiadat urang Sunda djaman harita. Eta sakabeh digambarkeun kalajan pinuh humor, teu poho mere bungbu di ditu di dieu, nepi ka hirup, pinuh daja panarik keur nu matja. Tapi da hidji widji sastra mah teu djadi alus dapon dipikaresep ku nu matja bae. Lobana oplah atawa sabaraha kali ditjitakulang mah lain djadi ukuran naha buku eta teh enja² boga pangadji sastra atawa henteu. Buktina, buku² tjabul, buku² murah leuwih laku manan buku² kasusastran nu luhur pangadjina. Tah, dina karangan² Moh. Ambri mah pangadji sastra teh lain „kaendahan basa” nu djadi patokan para sastrawan harita, lain ngan saukur ngentep² basa nu geus karatan sanadjan dianggap endah oge. Dina hal² anu perelu, Moh. Ambri mah wani kaluar tina kabiasaan tatabasa anu bener. Basa nu dipake ku Moh. Ambri dina karangan²anana teh njaeta basa gunemtjatur sapopoe, basa nu sakapeung mah dianggap kasar ku para „djuragan”, dalah sok disebut teu sopan nanaon, tapi istuning hurip pinuh sumanget. Dina ngagambarkeun karetaapi sesa abad kamari, istuning hirup pisan:

Ti Tjibatu ka Garutkeun mah ngadalingdeu. Kareta loba sorana, anu baku dugdeg-dugdeg ditambahan ku djikdjlek-djikdjlek, rijeg-rijeg, rekot-rekot. Eureun indit kudu bae djrok-djrak, brug-breg. Saban-saban ngarijeg, djelema nu tarumpak reok ka dieu, reok ka aitu, tampolana goprak diadu, mangkaning nu dariuk ngabengbreng dina bangku pandjang. Anu nangtung sok tidjongdjolong, sakapeung sok aja nu ngarontok batur, atawa ngaguprak kana babawaan batur. Atuh da dina langsung mah beda deui djeung dina kareta dur. Komo ti Tjibatu ka Garut mah sok make aja kadjadian mogok sagala kareta api teh. Hawuna gegebos oge bari djuas-djeos, hih, mugen. Gurudug mundur, ngawahan, reg gerut, drrt, djeten. Ana keur kitu, beak kangeunahan nu tarumpak teh.

(Tina Numbuk Di Sue).

Dina ngagunakeun basa Sunda, Ambri nembongkeun kaahlian-ana nu pinundjul. Da dina panangan Moh. Ambri mah, basa Sunda teh djadi leuleusliat, pinuh ku humor. Ari sababna mah ku lantaran Moh. Ambri apal pisan kana sipat sarta ungkapan djeung katjapangan basa Sunda, kitu deui kana metakeun eta basa. Kaahlian nu kieu teh teu njampak dina karangan2 pangarang Sunda sedjenna, boh dina karangan2 Memed, boh Daeng Kanduruan Ardiwinata, komo dina karangan2 barudak kaajeunakeun mah anu dina njusun basa Sunda na make djalanpikiran Indonesia (kaasup oge kuring nu njusun ieu karangan). Lain hartina basa nu dipake ku para pangarang Sunda sedjenna teu hade, da basa Memed kurang kumaha alusna, basa Daeng kumaha kurang hadena. Kitu deui basa nu dipake ku Satjadibrata lain basa Sunda djore2. Tapi da eta ari sastra mah lain ngan wungkul basa nu hade, lain ngan wungkul basa nu endah. Basa nu dipake ku Satjabrata istuning basa nu endah, tapi naha lamun urang matja Dongeng2 Sasakala djilid II (jasa andjeunna) asa beda pisan djeung Dongeng2 Sasakala I (jasa Moh. Ambri)? Naha mun urang matja Nabi Jusup karasa pisan basana paeh? Sababna mah ngan saeutik: sanadjan kauninga Satjadibrata perkara basa Sunda loba, boa leuwih loba manan Moh. Ambri, tapi Satjadibrata mah teu bisa ngagunakeun eta basa. Sedengkeun ari dina kasusastran mah sanadjan enja basa teh penting, da basa teh teu leuwih tina pakakas, ngan saukur parabot dina ngawangun sastra. Kanjaho anu djembar perkara basa tatjan nangtukeun hidji djalma bakal djadi sastrawan. Da ari sastrawan mah njaeta djalma anu bisa ngagunakan basa, lain nu njaho.

Tah, dina ngagunakan basa kaunggulan Ambri teh. Mun seug urang matja Lain Eta upamana, tangtu karasa pisan jen ari eusina mah buku **etateh** teu loba leuwihna tina Salah Pilih karangan Nur Sutan Iskandar dina basa Indonesia. Tapi kuring nolak Salah Pilih satjara hasilsastra (Indonesia), padahal ari Lain Eta mah ku kuring dianggap hidji hasilsastra. Sababna mah njaeta dina tjarana njaritakeun, dina gajana. Ari Nur Sutan Iskandar mah njaritakeun Salah Pilih teh kaku, paeh, pikaboseneun, karasa pisan bohong (maksudna bohong teh henteu djudjur, di-djieun2), tapi ari Ambri njaritakeun neng Eha mah beda pisan, da hirup. Ieu oge dilantarankeun kukanjataan jen basa Sunda teh leuwih unggul ti batan basa Indonesia, bubuhan ari basa Sunda mah basa nu kahot, anu geus lana umurna, nu geus ngabogaan tradisi, beda pisan djeung basa Indonesia anu kakara oge lahir sarta kakara pisan njoba ngawangun tradisi, sabab apan ari basa Indonesia mah lain basa Malaju.

Dina hal ngagunakeun basa, Moh. Ambri dina Lain Eta nepi kana puntjak kamungkinan basa Sunda. Boh para pangarang same-mehna, boh para pangarang sanggeusna, moal aja nu bisa ngagunakeun basa siga Ambri dina Lain Eta. Dalah Ambrina sorangan dina karangan2anana anu sedjen mah henteu nepi kana tahapan nu sarua

djeung Lain Eta. Basa Sunda nu dipake ku Ambri dina Lain Eta lir peueut, tjepel tapi amis istuning pinuh ku mamanis. Kumaha Ambri ngulinkeun basa katjipta dina njaritakeun neng Eha nu teu satia :

Dumadak keur djararuwet manah Neng Eha tepang djeung nonoman nu sarimbag djeung Mahmud. Ieu roj, itu uruj, silihretet pada imut, sok silihundeun raga katineung. Ulin-ulinan, kaso ngarojom ka djalan.

*Tapi lain pikeun ulin,
raga mah ibarat nala,
hurung bidjil kamalole,
asmara sok njaliara,
saliring diri panas,
kapegung sok matak wujung,
matak kaduhung diumbar.*

Kamaleuang kamalole, keur hanaang manggih wedang. Paingan tjek kakawihan :

*Utjing-utjangan eong,
buntut pandjang djadi pondok,
ulin-ulinan eong,
urut hajang djadi bogoh.*

*Utjing-utjangan eong,
buntut pandjang djadi pondok,
ulin-ulinan eong,
urut ngandjang djadi mondok.*

Asal niat pangangguran, sedja ngabangbrangkeun hate, kalepasan njalowedor, wani salingkuh njelewer.

Barang kabetak, ngedjat minggat ka Tjiandjur.

(Tina Lain Eta)

Ngan ku sababaraha ketjap, ngan ku sababaraha kalimat, tapi Ambri geus mere hidji gambaran pu'itis anu lengkep. Tingkatan puisi kaja kieu teh tjarang kapanggih dina dunja kasusastran. Tingkatan puisi kaja kieu mah wani dibandingkeun djeung pu'isi Shakespeare. Kitu deui dina ngulinkeun ketjap, Ambri teh lain djalma „kelasringan”. Geura bandingkeun :

Tjeletot Neng Eha njiwit ku panangan kiwa.

Pameget: „Aduh”

Neng Eha: „Bongan atuh.”

Pameget: „Engkang mah aduh soteh ni'mat, sanes njeri.”

Neng Eha: „Ih, bet kitu geuning.”

Pameget: „Engkang nguping dalang, keur merangkeun, getjrok disuduk keris, madjar asa ditjiwit nu geulis.”

Neng Eha: „Edas ku iasa nimuan.”
 Pameget: *Duka Enden, da sasarina mah engkang teh kumpeu sareng kuuleun.*”

Neng Eha: „Eh, kasauran utjing.”

Pameget: „Keun engkang utjingna, Enden paisanana.”

Neng Eha: „Jej, alim teuing. Sot ah, alim abdi mah.”

Pameget: *Upami Enden alimna, engkang santrina.*”

(Tina Lain Eta).

Ulinanketjap dina „alim” djeung „utjing” ngingetkeun kuring kana ulinanketjap Shakespeare dina *A Midsummer-night's Dream*:

Pyramus :

Tongue, lose thy light;

Moon, take thy flight.

Now die, die, die, die, die.

Demetrius: *No die, but an ace, for him; for he is but one.*

(Tina Complete Comedies W. Shakespeare).

Saperti oge dina Lain Eta Ambri ngulinkeun ketjap „alim” anu boga harti kembar: *embung* djeung *kiai* atawa *adjengan*, dina *A Midsummer-night's Dream* Shakespeare ngulinkeun ketjap „die”, anu oge boga harti kembar: *paeh* (to die) djeung *die* nu hartina *dadu*.

Ulinketjap kawas kitu teh, anu bisa kadjadian dina basa Inggris atawa Sunda, tanawuruh bisa digunakeun dina basa Indonesia. Ana pek ditardjamahkeun kana basa Indonesia, boh Shakespeare, boh Ambri, teu bisa, kapaksa disadur.

Kitu deui dina njaritakeun urang Sunda nu djauh ka bedug ngobrol, Ambri mah enjaan pisan nembongkeun jen andjeunna teh uninga pisan kana watek, kabiasaan, karesep sarta kahajang maranehanana, buktina Mundjung, njaritakeun mang Uham, ki Arta, Marhapi djeung batur2na ngalobrol basa ngetruk. Nja ngobrol perkara mundjung. Ku njaritakeun mundjung oge geus djadi bukti ka urang, jen Ambri teh paham pisan kana selukbelukna elmu kabatinan nu djadi ageman urang Sunda, babakuna mah kapertjajaanana kana dedemit setan siluman sileman.

Saenjana mah sakabeh nu ditjaritakeun ku Ambri teh hirup dina djero masarakat Sunda djaman harita (ajeuna mah geus bukbak ku Djepang djeung gorombolan, nu pertjajaeunana oge kana mundjung beuki saeutik bae), tapi ari dongengna mah masih keneh sok kadenge dina kahirupan sapopoe urang Sunda kiwari, malah oge urang Sunda nu mangkuk di kota Djakarta anu madjar kota internasional tea.

Dina njaritakeun Burak Siluman, Ambri estu bidjaksana. Andjeunna teu njaritakeun Burak Siluman siga Salmun njaritakeun Goda Rantjana, mere tekanan kana tjarita rahulna, tatapi nitah

ditjaritakeun ku Idjan ka kulawarga Marhadi. Ku djalan kitu eta dongeng teh henteu meunang tekanan nu penting pisan, tatapi diselangsing ku pertanjaan ti barudak Marhadi djeung pamadjikana. Ku kituna, atuh henteu tjawerang, tapi pinuh humor. Ana dina panungtung tjarita pamadjikan Marhadi meh pertjaja kana ajana burak siluman, na ari tjelengkeung teh si Epen :

„Atjan manggih Epen mah djelema talapokan, aja soteh nu disapatu.” Anu didjawab ku bapana: „Heueuh deuleu, ulah rusuh pertjajaan kana bedja. Bener Epen, djelema talapokan disapatu, kuda talapokan disapatu deui, hahahahah’ Dituṭupna ku: „Idjan seuri bari amitan, tuluj indit ngadjindjing djagong sabeungkeut.”

Idjan teh ibarat dalang atawa djurupantun, anggeus ngadongeng tuluj balik bari teu poho babawaan.

Boh dalang, boh burak siluman, kabeh ge hirup dina kapertjajaan urang Sunda. Eta kabeh geus dituliskeun ku Ambri, batjaeun anak-intju bisi engke djaman maranehanana mah geus euweuh kapertjajaan kana burak, kitu deui dalang komo djurupantun mah da ajeuna ge geus tinggal hidji dua.

Kaunggulan Ambri teh, nja eta ari njarita djudjur, unsur nu pangpentingna dina kasusastran mah. Andjeunna istuning teu ngaleuleuwihi pon kitu ngurangan tokoh2 nu ditjaritakeunana. Tapi ku lantaran eta pisan manehna geus mere gambaran manusa2 Sunda nu lengkep, teu keleuleuwihan teu kakurangan, estu sadjalantrahna. Langka pisan pangarang Sunda anu djudjur siga andjeunna teh. Rata2 sok boga karep hajang endah, hajang istimewa, nepi ka nu digambarkeun teh ngan wungkul djidjieunan, lain manusa nu hirup, tapi boneka2, anu sanadjan endah oge da puguh teu njawaan, teu siga djelema biasa.

Ku karangan2ana nu djumlahna teu bisa disebut saeutik (djeung saduran sarta tardjamahanana samasakali leuwih ti 20 buku) Ambri geus njatetkeun ngaranna dina sadjarah kasusastran Sunda ku mangsi emas, sarta moal aja urang Sunda-anu-sadar-jen-dirina-urang-Sunda sarta daek ngahargaan kasusastran Sunda anu teu bireuk ka Moh. Ambri. Sarta Moh. Ambri teh bakal terus hirup hirup dina ati sanubari sakumna urang Sunda, sabab impian, hakekat, kapertjajaan, watek, kabodoan, kabisa, karesep urang Sunda kabeh ebreh dina karangan2 Ambri mah.

Djakarta, 10 Djuni 1957.

TANJA-DJAWAB DJEUNG IGNAZIO SILONE

*Didjurukeun : taun 1900 di Pescara dei Maris (Aquila, Itali)
anak saurang patani di daerah Abruz.*

Pangarang : buku2 nu kamashur di dunja saperti: Fontamara, Roti djeung Anggur, Bini hadapeun saldju-

Naon sababna numatak andjeun ngarang ?

Supaja aja hubungan djeung nu sedjen.

Pamatja nu mana nu panglobana minuhan pikiran andjeun waktu andjeun ngarang ?

Lalaki djeung awewe, satjara saurang-saurangna, pikeun nungtun maranehanana supaja daek mikiran dirina somangan2. Maranehanana teh djiwa-djiwa nu teu njaho di neureuh.

Naon nu bisa dibikeun ku buku2 andjeun ka maranehanana, nurutkeun andjeun ?

Saeutik rasa tatahiwarga.

Sarta keur pamatja2 nu iseng ?

Hidji panjotjok keur tjeulina.

Kumaha pamanggih andjeun ngeunaan kritikus ?

Dunja teh lega pisan; loba tempat nu lowong pikeun unggal djalma.

Naon pangaruh kritisisme kana tulisan2 andjeun ?

Saeutik ge euweuh pangaruhna.

Saha pangarang2 roman nu pangdipikaresepna ku andjeun ?

Cervantes, Tolstoy, Verga.

Saha palukis modern karesep andjeun ?

Rouault.

Lamun andjeun lain hidji pangarang, andjeun hajang djadi naon ?

Tukang ngagiling.

Naon gawe nu dipikaresep keur pangeusi waktu ?

Matja djeung ngobrol.

Naha kungsi mikir2 arek aktip deui kana pulitik ?

Memang, lamun kamerdikaan kaantjam bahaja.

Naon pangasih Alam nu pang dipikaneungna ku andjeun ?

Djagdjang waringkas.

Kumaha pamanggih andjeun ngeunaan maehan-maneh ?

Eta mah salah sahidji soal tina nu sababaraha lobana nu ku kuring weleh teu kaharti.

Naha andjeun pertjaja kana kamungkinan ajana hidji pangaturan pulitik nu sampurna ?

Henteu.

Nu ku andjeun disebut revolusi sosialistis teh naon ?

Usaha ngamusnakeun rereged-rereged ekonomi djeung masarakat, nu dina waktau ieu ngahalangan kamerdikaan manusa.

Naha andjeun pertjaja jen eta teh bakal mawa bagdja ka manusa ?

Teu perlu. Kariweuhan2 nu lila tangtu bakal timbul deui sarta nu anjar bakal datang.

TANJA-DJAWAB DJEUNG IGNAZIO SILONE.

Naha nurutkeun andjeun kamerdikaan bisa hurip di hidji nagara sosialis ?

Dina hidji abad monopoli, kuring mikiran ieu teh bari ngiwalkeun djumlah-tangtu usaha sosialis, kamerdikaan teu bisa hurip.

Kawas di Rusia ?

Di Rusia euweuh sosialisme, tapi sabalikna — kapitalisme nagara; lain kamerdikaan tapi sabalikna.

Diantara djalma2 nu geus wawuh, saha nu karasa pangajahargana pikeun andjeun ?

Saersteik pisan; diantara nu kamashur njaeta, Don Orione, Gramsci, Trotsky, Ragaz.

Nurutkeun andjeun, tokoh-tokoh nu mana dina sadjarah Itali, nu panglobana mere sumanget ka andjeun ?

Joachim da Fiore, Francis da Asisi, Thomas Campanella.

Ti tokoh-tokoh kiwari saha ?

Simone Weyl.

Tanggal sabaraha nu ku andjeun dianggap pangpentingna dina dunja sadjarah ?

Tanggal 25 Desember taun 0.

Djaman kiwari ?

Barontakna buruh di Djerman Wetan, dina tanggal 17 Juni '53.

Kumaha pamanggih andjeun ngeunaan perang dunja ka tilu ?

Bakal muka djalan keur perang dunja ka opat.

Diantara pahlawan-pahlawan perang, saha nu pang dipudjapudjana ku andjeun ?

Joshua, waktu manehna ngeureunkeun djalan panonpoe djeung pradjurit Schweik nu bageur.

Naha andjeun pertjaja jen kamadjuan bisa dihalangan ?

Henteu.

Naha andjeun pertjaja jen manusa teh merdika ?

Nurutkeun pamanggih kuring mah, manusa bisa merdika.

Naha bener nurutkeun andjeun, jen manusa tumanggungjawab ngeunaan sagala nu dilampahkeunana ?

Waktu manehna merdika mah, enja.

Nurutkeun andjeun naha manusa bisa ngahontal tudjuanana ?

Bisa, mun manehna narima.

Andjeun hidji pesimis atawa lain ?

L a i n.

Naha andjeun boga kapertjajaan ka manusa ?

Kuring boga kapertjajaan ka djalma2 nu daek nanggung kasusah sarta njalurkeun kasusahna kana bebenaran djeung kawani moral. Ajeuna ge kuring keur boga pikiran, jen titukangeun peuting kutub nu poek-mongkleng, didjero himah-himah abid pagawe di Siberia, bakal datang hidji djalma nu bakal mere deui tjahaja ka nu lalolong.

Hidji djalma? Saha ?

Ngaranna mah teu djadi soal.

(Partisan Review).

BAPA KURING PANGSIUN

BAPA kuring rek pangsiun. Dina surat nu panganjarna andjeunna njaurkeun diantarana kieu: Tjep tulus pangsiun teh bulan hareup. Mun bisa hidep balik heula sakeudeung. Ibuna aja bada-mikeuneun.

Poe Saptu kuring maksakeun balik nadjan keur riweuh. Puguh njanghareupan tentamen, mangkaning djadi mahasiswa ge kakara tjle atuh kudu enja2 supaja aja harepan pikahareupeun. Tapi itung2 reureuh bae, sanggeus dua minggu terus-terusan meleter diri, sugan sapoe mah moal matak nanaon, atawa bawa bae peladjaran nu tjan rengse mah (sanadja2 tjeuk pangalaman hal ieu teh dina praktekna sok tara bisa), sababaraha buku djeung diktat ku kuring dibebeskeun kana tas.

Datang di P. (tempat bapa digawe) bener bae, boro2 ka bisa diadjar, ibu keur repot pisan ngepak ieu ngepak itu. Duaan bae djeung Tati, adi kuring awewe. Moal enja kuring ngantep. Nu entjan diberesan teh ngan parobot kaperluan sapopoe, saprakeun antarana sawatara losin piring djeung tjankir, pedah rek ngajakeun riungan silaturahmi patepang tineung djeung para kantja sapagawean, isuk poe Minggu.

Ari ibu, anggota Pangurus Baja2gkari (kumpulan isteri2 para pagawe kapulisian), djadi bendaharina, da bapa teh Komisariss muda pangkatna (sepuh soteh juswana). Ari barang2 nu matak dipak, rek dikirimkeun. Sanggeus pangsiun2 bapa djeung ibu rek tumetep di S., kota leutik tapi resik. Kuring ge kungsi ngalaman baheula keur budak, sakola di dinja.

Bapak teu seueur saur tina perkara pangsiun. Ngan kuring i2get, bareto mah andjeunna njaurkeun moal waka tjenah satungtung kuat mah, ngingetkeun hojong ngamadjukeun kuring, da ari duit pangsiun mah anu tangtu tea moal 2jukupan. Kuring teu tunju tanja pandjang. Hadena kuring sorangan geus boga rarantjang. Aja babatura2 nu nawaran ngadjar, malah mani di dua tempat. Di Taman Madya (S.M.A. Taman Siswa) djeung di Sakola Kesatria. Tinggal sanggupna bae. Tadina moal ditampa, lantaran hajang djongdjon diadjar, ulah lila teuing djadi mahasiswa teh, hajang geura2 hasil. Tapi ningal galagat ajeuna, djigana teu aja djalan sedjen. Apa boleh buat. Batur ge loba anu tjara kuring kepegat ku kaburu kakurangan biaja, tapi kalawan ichtiar2a sorangan, teu burung maradju. Nu tangtu kudu daek meuseuh diri, digawe beurat, mun hajang laksana tjita2. Djadi kuring teu pesimistis ngadenge putusan bapa pangsiun teh.

Ibu nu seueur saurna mah.

BAPA KURING PANGSIUN

Bapa teh maksa bae menta pangsiun, didjudjurung ku ibu, saurna. Eta ge ari ku nu ti luhur mah diarandeg. Tuda katjida ripuhna tjekel gawe djaman ajeuna mah. Lain bae ripuh prakna, tapi pangpangna ripuh pikiran.

Ibu njaurkeun perkara kadjadian anjar2 ieu tina hal pagawe2 pamarentah nu korupsi (kungsi kuring ge matja dina surat kabar Kengpo, perkara korupsi besar2an duit tanah didaerah tempat bapa digawe, terdakwa tjamat tjenah, tapi tuluj ngarembet ka sababaraha pagawe menengah djeung tinggi, ajeuna geus dihareupkeun ka hakim).

Kuring teu tetelepek tina perkara ieu. Asa teu narik perhatian. Meureun geus djamanna ajeuna mah, da di mana2 geuning kadjadian kitu teh. Matak karunja mah rahajat bae. Beunang dibobodo.

Ibu sasauran deui: Tah tjep, saurna: ari apana kapan ditugaskeun kana pagawean anu aja patula-patalina djeung urusan papariksaan nu kararitu, matak musingkeun. Serba salah, rek keras bertindak da sakapeung mah kudu njanghareupan batur sagawe malah pangkatna saluhureun, ari henteu atuh tangtu disalahkeun ku nu ti luhur, da kawadjiban. Matak tjeuk ibu: enggeus menta pangsiun bae kadinjah da dines mah tjukup. Sugan ari geus pangsiun mah badan sehat deuih, ulah tjara ajeuna nja ripuh ku pagawean nja ripuh ku panjakit. Geura ku hidep titenan, kalah ka beuki kuru apan ajeuna apana teh, da ripuh djeung parusing bae. Kapan nu diteangan teh kasenangan, nadjan teu pangkat atawa teu djeng oge, asal hate bae tengtrem. Ibu mah hajang ngalakonan hirup teh kalawan herang mata tiis tjeuli, teu ngaharep kamewahan. Hanas hidep sakola keneh ari kapaksa-paksa teuing mah keun bae djudjualan banda ge, asal hidepna bae madju.

Nu dimaksud djudjualan banda ku ibu meureun tanah djeung sawah nu geus aja, ah hajang mah ulah. Ku kuring diterangkeun jen kuring bisa sakola bari digawe, nja disebutkeun kana guru.

Saterusna mah biasa bae ibu miwedjang, mapatahan djampe hirup, nu brasna kana ngotjal2 supaja kuring geura2 boga rabi. Madjar teh Mimin (dulur misan kuring, ajeuna guru S.K.P.), geus ngadagoan. Ah biasa ibu tea bae.

Tjek kuring: Har ari ibu, nja bapa tos pangsiun, nja abdi kedah rarabi, asa haroream teuing.

Ibu gumudjeng; Heueuh bisi geus hajang! Keun bae bari sakola oge.

Beuh ngariripuh maneh.

Isukna poe Minggu, enja ibu teh ngajakeun riungan. Paawean bae. Nja eta para anggota Pangurus Bajangkari tea, antara na, Ibu Komisariss (lain komisariss muda tjara ibu kuring), ibu-ibu Inspektur djeung sababaraha ondangan, aja meureun duapuluh urang mah.

Ari bapa tjenah sa deui, ngajakeun riungan patepang tineung teh di restoran, pada2 „bajangkara” meureun. (Teu ngadjak ieu ka kuring, da kuring mah piindung).

Atuh di imah teh lalakina ngan kuring bae sorangan. Aja pa Ahim tukang ngala tjai tapi teu beunang dikumahaan, da ngahekok bae di dapur. Lalaki ge manahoreng ari njorangan mah leutik burih. Duka pedah kuring bae sugan. Kuring teu wani ngelol2 ka luar, ningkreb maneh bae di kamar. Mukaan buku tapi weuh diadjar ge taja nu asup da konsentrasi pikiran marungkawut, duka ka mana marodjengdjana mah, nu pasti waktu kitu mah leuwih ngeunah ngantep pikiran sina kumalajang kumatjatjang, duka di mana njangsangna.

Bet teungteuingeun ku ibu, batur keur ngeunah2 ngumbar hate, mani keukeuh teu meunang henteu, kuring kudu „biantara” (pidato), ngawakilan kulawarga saurna.

Ibu kuandjeun memang teu iasa sasauran ari „dimuka chalajak ramai” mah. Sok kawas katjang ninggang kadjang soteh ari sasauran dihareupeun kuring sorangan, ngawurukan.

Ari kuring deuih ku tara pangangguran tuda kana pidato pidato teh (harita mah handjakal ku katunaan tina hal ieu, bongan tara daek tetelepek supaja bisa ka bala ka bale).

Rek njebutkeun embung, karunja ka ibu, nu djiga gugup pisan, sieun kuring teu daek.

— Naha atuh teu sasauran ti kamari, kuring ngaharewos.

— Puguh nja eta teu kapikir, saurna. Ajeuna mah wajahna bae, moal enja bae urang Puseur Dajeuh make teu bisa pidato. (Duka njandak kongklusi ti mana eta ibu make njambungkeun perkara pidato djeung Puseur Dajeuh, pedah eta meureun ari Puseur Dajeuh teh tempat tjalik Bung Karno).

— Nja kapaksa sanadjan bari ngageter hate, malah terus kana leungeun ngadaregdeg, teu beunang diteger-teger. Tuda mani di-paléntjrong, djeung diantara nu mentjrong teh apan aja ibu Komisaris sagala, Djeung eta ibu Komisaris ngora keneh deuih. Djeung geulis. Mangkaning ari kuring sok teu kaop nendjo nu geulis sok geugeumeueun. Ih mani hajang lumpat ngabret. Hadena masih bisa nahan, mun heg kadjadian kitu matak wirang sakulawarga. Ibu bae meureun nu katempuhan, kuring onaman da teu warawuh. Ah itung2 diplontjo deui bae.

Bari narik napas pandjang kuring neger2 maneh. Njambat ka Pa Salmun, dosen basa sastra Sunda di fakultas Sastra, muga2 dibarengan kadjembaran pangaweruhna.

— Para saderek sadaja (pleng sakeudeung: tuda basa Sunda teh ku tara dipake sapopoe, kuring ngaweweleh diri sorangan), sim kuring kawakilan ku (pleng deui) ibu sareng apa (naha bener kitu ieu teh ?), e, e,

Para maos, aneh, sanggeus arapap-areupeup sakeudeung make djeung a - a, e - e, ana galantang teh letah kuring, duka

BAPA KURING PANGSIUN

bener duka henteu rakitan basana mah, ngan nu karasa ku kuring pidato teh terus nereleng teu eureun² kawas kuda lumpat, nepi ka anggeus. Ngan djigana lamun kudu malikan deui naon² anu diutjapkeun, ajeuna mah moal sanggup. Kawasna enja tadi mah kabirujungan ku panganteur batin sang guru eta bae, da mani asa ditulung ku djaelangkung.

Salse pidato, ana tjelengkeung teh ibu, lain pidato, tapi introduction ti ditu na mah agul: ieu teh pun anak mahasiswa fakultas Sastra ti Djakarta. Atuh kuring sadjabana rebeh irung bari beureum beungeut deuih. Keuheul ka ibu make dibedjer-beaskeun.

Kuring manggut, nandakeun teu rek ngomong deui. Geus kitu gura-giru katukang, rek menta buruhan ka Tati (nu keur njadiakeun dahareun), bari njusutan kesang da make kesangan sagala, nadjan pidato teu lila oge.

— Kumaha Tat, pidato akang alus ?

— Sae bae sakitu mah. Ngan djiga nu ngadaregdeg, sareng gantjang teuing.

Kuring tamba era: Ssst, ibu sih nu kitu mah, miwarang duduk-dadak geura mun ti sore, meureun akang sadia.

Ibu kawasna njelang, ngadeukeutan kuring. Saurna: Alus sakitu ge Tjep. Pek ajeuna mah geura barangdahar.

— Geuning teu aja nu „njambut” bu? tjek kuring.

— Bongan bae manehna lumpat, saur ibu bari mesem. Keun bae perkara sambutan mah da lain urusan urang.

Ibu ka djero deui. Kuring terus ngabantu Tati mairan teh djsbt.

Nepi ka meh pukul satu nu suka² balaketjrakan teh. Kuring teu wani ngelol deui ka djero.

Ngan dina waktu bubar, kuring nolol ti panto. Ari nu pangheulana kareret bet ibu Komisariss nu geulis tea. Atuh kuring lep deui bae. Tamba teu sopan teuing manggut saeutik. Andjeunna imut. Dina hate: Djiga saha salakina nja eta ibu Komisariss teh? Boa geus kolot. Ah hade ge geus kolot. Moal nu ngora mah teu teh kitu? Da „gegeden” ajeuna mah sok njarandung. Geuning ibu kuring mah djadi njonja Komisariss teh (kitu ge „muda” keneh) mani geus huisan !

Sorena bapa sumping, njandak bungkusuan supenir. Ana dibuka eusina: sadjadah, tilam netepan, iteuk djeung tas-leungeun nu sok biasa dibabawa ku sudagar atawa tukang tjatut, tempat duit djeung surat² penting hal djual-beuli.

Duka teuing atoheun duka henteu bapa narima supenir sarupa kitu, da andjeunna mah tara katara gumbira atawa susah, sok ajem bae.

Ngan ibu mani ngaheuheuj. Saurna: palinter nja nu njindiran teh. Sadjadah nitah salat, bongan ari keur tjekel gawe mah, sok aja basa teu ari, pagar teh: kakare ge nangtung rek takbiratul-ihrom geus kirining aja telepon, atuh teu husu, malah sakapeung

mah sok ditunda ari keur euweuh sasaha pisan mah. Geus pangsiun mah moal boga telepon. Pek bae sing djongdjong.

Ari ieu iteuk, saurna deui: Apana teh geus kolot, bisi leueur, bisi poek di djalan, perlu mawa iteuk babakuna lamun rek salat subuh ka tadjug. Djigana ngejengkeun kana salat deui bae. Ari tas nitah supaja sanggeus pangsiun teh ulah ngeunah² tjitjing, kudu usaha neangan duit, lah tuda ku kitu tea mah rek tjukup ti mana pangsiun sakitu, mangkaning djaman sarupa kieu. Manasina baheula djaman normal. Tapi keun bae ketah usahana mah engke geus sehat badan. Ajeuna mah urang reureuh bae heula.

Bari sasauran kitu ibu ngareret ka kuring, ku kuring disumuhunan: sumuhun sawios da abdi ge tiasa matjakal sorangan bu, tjek kuring, tapi dina hate bae.

Pasosorena kuring geus ngeuleujeung deui ka Puserdajeuh dina kareta pengabisan Bandung — Djakarta. Boro² bisa diuk, teu nangtung adjeg-adjeg atjan. Budjur nogel dipanto W.C. kadempet. Inget kana djip. Sasari mah sok didjadjapkeun ari balik teh, bari sakalian mun aja kaperluan dines ka Pusat. Ajeuna mah saur ibu djipna ge geus dipulangkeun (ka Pamarentah) da bapa rek pangsiun.

Kareta beuki lila beuki tarik, njemprung ngaliwatan kebon-djati, tjunduk ka padataran rata, pasawahan ngupluk ngaplak antara Tjikampek—Krawang, Krawang—Bekasi, muru Djatinegara, gapurana Ibukota tempat „rebut hirup” kaum buruh nu tjan bisa reureuh tina sagala kasukeran ekonomi, nepi ka waktu pangsiun (tjara bapa kuring) nu hartina tanaga manusa geus suda, nganti ganti sirung renung, tanaga „daun ngora” ti angkatan saeunggeusna.

Kareta beuki mengpengan. Kikipingna nu ngagalasar dina rel maralak njeak, asa nembus tulang sungsum, sumareset ngeset hate. Kuring ngalenjap

Djakarta Maret 1957.

ajat rohaedi :

nu njingkahan tjinta

peuting ngaringkuk-sedih na dadana
ku hilangna tjinta beubeureuh teu satia
lawanhatena meundeut tina sagala ketrokan
biwirna ngontji tina sagala tjiuman

napsu teu datang
sanggeus tjintana hilang
ambekan peuraj
tina sakabeh balaj

beubeureuh teu satia dunja andjeun aja di mana
galindengna peutingpeuting upama angin nebak dada
tjinta teu lana benteng andjeun teu rek di teang
panolakna djero impian upama tiris njebitan tarang

mesemlandjang di djalan henteu ditolih
pon kitu, manehna teu ngarasa sedih

tjinta ngerabngerab majat pisan
tjinta tan satia memang kabiasaan
satukangeun ieu na aja nu langgeng
kalarung ku nu aduregeng?

peuting nu sedih ngageubra na dada
bulan nu katjipta ngan na djurumata
antep beubeureuh nu lunta
kuring hajang patokanjar
sarta tugutugubatu

teu kalebuh ku napsu ngarewu
teu katitih ku getihdjedjerih
tur kuring andegleng na puntjakna

hatena geus perlaja pikeun tjinta nu teu lana
biwirna ngontji pikeun tjiumentjiument
manehna nampek peutingpeuting nu sepi kieu
dibawa lunta neangan tegal pikeun tuguna ngadjega
tapi teu kalawan ngimpi
lantaran tjintana kabeh geus lastari

lantjang nu ngudag sarengsena
napsuna ngahegak na tugubatu
di puntjak manehna marieusmarieuskeun tjinta
tur peuting ditatampek na dadana

sarta ti dinja manehna ngembarkeun warta
tjinta ngerabngerab tur majat eta hal biasa
tapi langgeng teu kapanggih
arindit he sakabeh tjinta
lantaran ieu benteng gagahperkosa

natampek peuting ngadjega na puntjaktugu
sapeupeuting manehna ngaladjurnapsu
arindit he sakabeh tjinta
lantaran ieu benteng gagahperkosa

kotakorupsi, puasa 76

a soetradi

KULAWU

keur taty dina kareta.

demi bulan nu ngangkleung lalaunan
demi bintang nu heureuj silihkitjeupan
sebutkeun jen manehna geus perlaja
sarta kuring kageugeut andjeun nu masih aja

waktu mega nu majungan
waktu hudjan nu njeungtjeurikan
kabeh njaliwed tina teuteupan
kabeh mungkir tina dakwahan
urang nu ngadjangkar na bebeneran
geura aku maranehna boga kasalahan
urang nu mutjuk tina kaadilan
geura embarkeun maranehna boga katunaan

demi peuting nu ngadjengdjehe
demi suling nu mawa lungse
di antara urang, saha
nu teu boga tresna?

teuteup lemahlemah nu ngandung getih
teuteup patani nu leungit daja
saha nu ngalantarankeun, geura ngaku
teu kudu nadah panuduh

demi tresna nu pada ngipuk
demi imah nu geus rejud
teu guna mergasa peuting sakieu endahna
teu kudu njempad budjang nu mungkir djangdji
tina sagala dosa tur kasalahanana
tina sagala kasalahan tur dosana

demi bulan nu ngangkleung lalaunan
demi bintang nu heureuj silihkitjeupan
embarkeun jen sakumna geus lastari
sesana ngan ukur lebu bari

bebeneran teh patokduriat
kaadilan teh tihangharkat

6 april 1957.

a soetradi

imah*keur: isoh urang tjiamis.*

imah nu ukur kaboboan djero dada
 taja guna
 leuwih hade ngumbara
 unggal legokpaeh urang saba

imah nu malindes naon guna
 tinggalkeun bae

tur imahbobo eta rubuhkeun
 sare bisa nadjan di mana
 ngimpi djogo di unggal medja
 sarta teu perlu ngadegkeun deui
 lantaran gunana henteu beda
 padahal urang teu mikabutuh

tanpa warnawarna tembok nu niir
 urang tetep bisa mikir

imah nu bobo
 isukan runtuh
 geura ngumbara djauh
 na iuh tatangkalan urang reureuh
 di palabuan urang balabuh

ngan sasakali urang mikabutuh
 tur urang kalah ngawagu
 padahal eta

musuh urang pangpangna
 imah bobo nu bakal pujar
 wiludjengkantun kuring arek balajar

4 april 1957.

SADJAK

Rainer Maria Rilke :

SIMPE

Masing saha nu ngagukguk masing di mana di alam dunja
Ngagukguk tan musabab di alam dunja
Njeungtjeurikan kula

Masing saha nu ngagakgak masing di mana ti peuting djempling
Ngagakgak tan musabab ti peuting djempling
Njeungseurikeun kula

Masing saha nu ngumbara masing di mana di alam dunja
Ngumbara tanpa karana di alam dunja
Njuktjuk neangan kula

Masing saha nu perlaja masing di mana di alam dunja
Perlaja tan musabab di alam dunja
Neuteup ka kula

(disundakeun ku: Ajip Rosidi).

M. Mok. :

Lengkahna nu ngadeukeutan

Lengkahna di imah nu ngadeukeutan,
ngaliwat gang sarta terus naek tangga,
sora panto anu muka, nutup, aja keresezna tatangkalan
ngahiliwir ka kuring ti tempat nu djero pisan.

Kuring teu bisa ngobahkeun awak, taja tjahja nu tumepa
ka kuring tina dirina, teu teu ka dieu manehna,
nadjan bener langkahna mah bus ka kamar sarta
aja hal anu abadi nu ngadjadi antara kuring-manehna.

Tapi di beh ditu deui-deui kuring ngadenge langkah manehna.
Lir imah teu deui aja tembokan,
manehna nintjak roangan, sarta miang
ti dieu, tempat kuring mumudja hirupna anu geus hilang.

(Disundakeun ku: R.S.W.).

LOKOMOTIP 38, SEKE ODJIBWE

DINA hidji poe aja lalaki datang ka kota naek kalde sarta tuluj ngadjadjah perpustakaan umum tempat kuring meakkeun sabagian gede waktu kuring dina mangsa harita. Manehna teh djelma sampulur djangkung, bangsa Indian, seke Odjibwe. Ka kuring manehna njarita jen ngaranna teh Lokomotip 38. Unggal djalma di djero eta kota jakin jen manehna teh minggat ti salah sahidji rumah sakit.

Genep poe sanggeus asup ka kota, kaldena katubruk lori di sisi Djalan Tulare, tatuna oge parna. Isukna eta sato ngaliwat, rumang-gieung siga lolobana korban kateuadilan djeronagara, didjuru djalan Mariposa djeung djalan Fulton. Eta kalde mantjat ka trotoar, nambru hareupeun dununganana, sakarat tuluj paragat. Ari urang Indian tea, sanggeus ngedjetkeun sukuna, gagantjangan ngangtung, asup ka hidji rumahobat nu pernahna di djuru djalan, sarta nelepon ka djauhna. Manehna nelepon lantjeukna di Oklahoma. Keur nelepon teh manehna kudu majar sakitu duit, nu diasupkeun kana selotna, dipenta ku pagawena kawas manehna teh unggal poe nelepon sakitu djauhna.

Kuring harita teh aja di djero warung, keur ngadahar Tjau Istimewa.

Waktu manehna anggeus nelepon, manehna nendjo ka kuring nu keur diuk ngadahar susuguh istimewa tea.

Halo Willie, omongna.

Manehna oge njaho jen ngaran kuring teh lain Willie — ngan resep njalukan kuring ku eta ngaran.

Manehna indit ka hareup ka tempat permen karet, meuli tilu bungkus merek Juice Fruit. Sarta tuluj manehna balik deui omongna kakuring: Naon nu didahar ku andjeun teh, Willie? Siga ngeunah.

Ieu nu disebut Tjau Istimewa teh, walon kuring.

Urang Indian teh diuk dina bangku gedengeun kuring.

Tjing kuring pasihan nu siga ieu sobat tea, tjek manehna ka pelajan.

Kuring milu sedih, rehna kalde kagungan tjilaka, tjek kuring.

Di dunja kaja kieu mah taja tempat keur kalde, walonna. Kumaha tjeuk andjeung mun kuring meuli mobil?

Andjeun rek meuli mobil? tjek kuring.

Geus sababaraha menit lilana kuring mikiran hal eta teh, omongna.

Panjangka kuring mah andjeun teh teu boga duit, tjek kuring. Panjana teh andjeun malarat.

Kitu panjangka djalma mah, walonna. Nu sedjen deui njangka jen kuring teh edan.

Kuring mah henteu njangka andjeun edan, omong kuring, tapi oge teu pisan njangka jen andjeun teh beunghar.

Enja, kuring teh boga duit, omong urang Indian tea.

Duh mun kuring nu beunghar teh, omong kuring.

Keur naon? tjek manehna.

Eta puguh ge, kuring teh geus tilu taun ngalamun hajang ngala lauk di Mendota make parahu. Keur ka ditu teh tangtu kuring me-relukan sabaraha perlengkepan djeung hidji mobil.

Naha andjeun teh bisa njupiran? omongna?

Kuring mah bisa masing njetiran naon bae oge, walon kuring.

Kungsi andjeun njetiran mobil? omongna.

Tatjan, walon kuring. Kuring teh tatjan ngabogaan mobil so-rangan, ari maling apan ngarempak kapertjajaan kaluarga kuring.

Ari maksud andjeun njarita ka kuring teh supaja kuring per-tjaja jen andjeun bisa numpak djeung njetiran mobil? omongna.

Bener pisan, djawab kuring.

Andjeun inget omongan kuring di golodog perpustakaan umum kamari sore? omongna.

Perkara abad mesin tea? walon kuring.

Enja, omongna.

Kuring inget, walon kuring

Enja, omongna. Urang Indian mah dilahirkan ka dunja teh di-barengan ku insting numpak kuda, ngawelah parahu, moro, ngala lauk, djeung ngodjaj. Urang Amerika mah dilahirkeun ka dunja teh dibarengan ku insting ngadjalankeun mesin.

Kuring mah lain urang Amerika, walon kuring.

Kuring ge njaho, omong urang Indian tea. Andjeun mah urang Armenia. Kuring ge inget keneh. Kuring nanja ka andjeun sarta andjeun ngadadarkeun hal eta. Andjeun teh urang Armenia nu dilahirkeun di Amerika. Umur andjeun nintjak opatwelas taun sarta andjeun yakin jen andjeun bisa ngadjalankeun mobil saharita keneh lamun andjeun nampa hidji. Andjeun bleg urang Amerika, sanadjan andjeun ge tjeples kuring dina sababara hal mah.

Njetiran mobil mah taja hesena, walon kuring. Taja pisan he-sena. Malah leuwih gampang manan numpak kalde.

Heueuh, omong urang Indian tea. Tjek andjeun kitu ge. Tapi mun kuring meuli mobil, naha andjeun daek njetiranana?

Tangtu weh, walon kuring.

Sabaraha andjeun menta gadjih? manehna nanja.

Maksud andjeun teh rek ngagadjih kuring njetiran mobil? omong kuring.

Enja kitu pisan, tembal si Odjibwe.

Alus pisan maksud andjeun teh, walon kuring, tapi kuring hen-teu menta gadjih ari keur njetiran mobil mah.

Boa engke kapaksa urang iinditan djauh pisan, omongna.

Beuki djauh beuki hade, walon kuring.

Andjeun teh putus asa? manehna nanja.

Kuring dilahirkeun di ieu kota leutik nu kuna, walon kuring.
Andjeun teu betah? omongna.

Kuring mikaresep gunung djeung ombak sarta pagunungan,
walon kuring.

Kungsi andjeun nandjak gunung? omongna.

Tatjan, walon kuring, tapi sakali mangsa tangtu kuring ngalakanan.

Euh kitu, omongna. Mobil merk naon tjek andjeun nu pantes diibeuli ku kuring?

Kumaha lamun Ford Roadster? omong kuring.

Na eta teh mobil pangalusna? omongna.

Andjeun teh hajang nu pangalusna? tembal kuring.

Na teu meunang mun kuring meuli nu pangalusna? omongna.

Meunang we, walon kuring. Ngan nu pangalusna mah hargana ge mahal.

Naon nu pangalusna teh? manehna nanja.

Euh, tembal kuring, sawareh nganggap Cadillac nu pangalusna teh. Sawareh deui mah Packard tjenah pangalusna teh. Duanana oge alus pisan. Kuring teu njaho nu mana saenjana nu pangalusna teh. Packard sieup katempona ngagelejer di djalan, tapi Cadillac oge teu kurang tegep. Kuring sering njerangkeun mobil2 nu aralus pasulwer di djalan gede.

Sabaraha harga Packard teh? omongna.

Kira2 tilu rewu dolar, walon kuring. Boa leuwih.

Bisa tah urang meunang nu alus? omongna.

Kuring turun tina bangku tea. Omongan urang Indian teh siga omongan nu edan, tapi kuring yakin jen manehna teh waras.

Ke, ke, djuragan Lokomotip, omong kuring, naha andjeun teh enjaan rek ngagaleuh Packard?

Apan andjeun ge njaho, kalde kuring paeh sababaraha menit ka tukang, tembalna.

Kuring ge nendjo sakaratna, omong kuring. Ngan boa andjeun ditangkep sabab andjeun ninggalkeun bangke sato di djalan.

Ah kuring mah moal nepi ka ditangkep.

Andjeun tangtu ditangkep, lamun aja undang2 nu ngalarang ninggalkeun bangke kalde di djalan, walon kuring.

Moal, kuring mah moal ditangkep, djawabna.

Ku naon make moal? kuring nambalang.

Kieu geura, omongna, kuring moal ditangkep lamun kuring nembongkeun surat2 nu tara tinggal masing ka mamana oge kuring njaba. Urang ieu nagara mah boga bakat keur ngahormat kana duit, sarta ari kuring apan boga duit loba.

Muga2 manehna teh enjaan edan, omong kuring dina hate.

Ti mana tah andjeun boga duit loba? omong kuring.

Kuring boga tanah di Oklahoma, walonna. Kira-kira limapuluh rewu akre.

Na eta teh ngahasilkeun uang? omong kuring.

Henteu, omongna. Kabeh ge henteu, Kadjaba nu legana dua-puluh akre mah. Ti anu duapuluh akre tea kuring ngabogaan sumber minjak tanah. Kuring djeung lantjeuk kuring.

Kumaha tah riwayatna nu matak andjeun suku Odjibwe tjitjing di Oklahoma? omong kuring. Salilana kuring mah njangka jen suku Odjibwe mah tjitjing ditatar Kaler sakitar Tasik Ageung.

Memang kitu, djawab urang Indian tea. Suku Odjibwe memang tjitjing di sakitar Tasik Ageung, tapi aki kuring mah pionir. Manehna ngumbara ngulonkeun bareng djeung nu lianna.

Euh kitu, walon kuring. Muga2 wae andjeun teh henteu di tangkep lantaran ninggalkeun bangke kalde tea.

Ka kuring mah moal aja nu wani ngaganggu, omongna. Moal aja nu wani ganggu, sabab kuring mah loba uang. Aja nu wani ganggu sabab kuring disangka edan. Di ieu kota mah ngan andjeun wae nu terang jen kuring loba duit teh. Andjeun terang di mana urang bisa meuli mobil tea.

Agen Packard mah di Broadway, dua hambal handapan perpustakaan umum, walon kuring.

Tah, omongna. Mun enja andjeun daek djadi supir kuring, haju atuh urang ka ditu meuli Packard hidji. Nu warnana gumilang omongna. Beureum, mun aja mah persediaanana. Kamana andjeun rek njetir munggaran teh!

Andjeun kersa lamun urang ngala lauk ka Mendota? walon kuring.

Heug, omongna. Kuring mah ngan rek njerangkeun andjeun ngala lauk. Di mana urang bisa meuli perlengkepan keur andjeun?

Di katuhueun djuru Homan's, tembal kuring.

Kuring duaan ka tempat nu disebut tea sarta eta urang Indian teh meuli perlengkepan ngala lauk keur kuring duapuluh tudjuh dolareun. Tuluj kuring nudju ka agen Packard tea, di Broadway. Euweuh ari persediaan Packard nu tjetna beureum mah, tapi aja hidji nu hedjo, teu kurang endah. Hedjo djukut ngora tea. Mobil model sport nu alus.

Kumaha kira2na andjeun wani njetiran mobil sakieu gedena? omong urang Indian teh.

Kuring yakin jen kuring bisa tjetiran eta mobil, walon kuring.

Pulisi manggihan kuring duaan di toko agen Packard tea rek nangkep urang Indian nu geus ninggalkan bangke kalde di djalan. Eta urang Indian teh nembongkeun sababaraha surat nu ditjaritakeun ka kuring tadi, pulisi teh menta maap, tuluj indit. Omonganana, bangke kalde tea mah enggeus dipindahkeun, punten bae ngarerepot make nanjakeun soal eta ka nu kagungan.

Ah teu ngarerepot teu sing, walonna.

Tuluj manehna malik deui ka direktur agen Packard tea, Jim Lewis.

Kuring rek meuli ieu mobil, omongna.

Eta surat mugi enggal, dika kuringkeun omong Jim.

Surat2 naon? nambalang urang Indian tea. Kuring mah rek majar kontan ajeuna pisan !

Maksud teh bade kontan majar tilu rewu dua ratus tudjuhbelas dolar geneppuluh lima sen ajeuna? gondjrang omong Jim.

Enja, omong eta urang Indian. Apan mobilna oge tiasa ditung-gangan ajeuna, sanes ?

Tangtos, omong Jim. Kuring bade miwarangan budak sina meresihan peledugna. Oge kuring rek nitah njobi motorna sareng ngeusian tangminjakna. Moal dugi ka sapuluh menit. Upami tiasa mah andjeun ka kantor kuring, urang enggal bereskeun surat djual beulina.

Jim djeung urang Indian tea gantjang ka kantorna Jim tea.

Tilu menit ti harita Jim njampeurkeun kuring, njabak kana taktak.

Aram, omongna, saha eta teh? Panjana kuring mah djalma tu-kang midang. Kuring geus nitah Johny nelepon ka Pacific-South-west, walonna teh jen nu nanggungdjawab bangna teh salahsahidji tempat di Oklahoma. Tjenah mah simpenan manehna di bang teh leuwih ti sadjuta dolar. Panjana mah manehna teh djalma tukang midang. Andjeun njaho saha manehna teh ?

Tjek manehna ka kuring, ngaranna teh Lokomotip 38, walon kuring. Tapi eta mah lain ngaran apan.

Eta teh terdjemahan tina ngaran Indianna, omong Jim. Kuring nuliskeun ngaran lengkepna dina kontrak djualbeuli. Andjeun kenal ka manehna ?

Kuring nobrol djeung manehna unggal poe ti mimiti manehna asup ka kota naek kalde nu paeh tadi isuk, walon kuring, tapi kuring mah teu pisan2 njangka jen manehna teh boga duit loba.

Tjenah andjeun rek djadi supirna, omong Jim. Naha andjeun yakin jen andjeun bisa njetiran mobil sakieu gedena ?

Antosan we sakedap, djuragan Lewis, walon kuring. Ulah ngahalangan kesempatan kuring ajeuna. Kuring bisa njetiran Pac-kard sagede kieu, moal eleh ku urang kota ieu nu sanesna.

Kuring henteu njoba ngahalangan andjeun tina salahsahidji hal, omong Jim. Kuring mah ngan hariwang mun andjeun ka luar tidieu tuluj nabrak genep atawa tudjuh djalma tanpa dosa atawa boa andjeun nubruk mobil nu sedjen. Mangga naek kana mobil tea, kuring rek mapatahan andjeun sababaraha hal nu penting. Andjeun terang naon alat-alat panulungna ?

Kuring mah tatjan terang nanaon, walon kuring, namung ku-ring bakal enggal mendakanana.

Mangga, omong Jim, urang adjar ku kuring.

Kuring asup ka djero mobil sarta tuluj diuk tukangeun setir. Jim sagedengeun kuring.

Ti wangkid ieu omongna, mugi andjeun narima kuring sabagi sobat nu bade masihan keterangan perkawis mobil. Kuring nganuhunkeun ku lantaran andjeun geus mamawa eta urang Indian tea.

Manehna hajang meser mobil nu pangsaena, walon kuring. Andjeun oge apan uninga kumaha kuring kaedananana hajang numpak Packard. Ajeuna kumaha tah kuring ngadjalankeunana?

Mangga, geura tingalikeun, walon Jim.

Manehna neutep ka suku kuring.

Ja Allah, Djang, omongna, suku andjeun ulah nintjak pedal.

Oh, punten bae, walon kuring. Andjeun nembe bade nerangkeun perkawis alat-panulung tea apan.

Jim nerangkeun sagalagalana dina waktu para pagawena meresihan mobil sarta motor sarta ngeusian tangminjakna. Atuh ari urang Indian tea ka luar sarta naek kana mobil, tukangeun kuring, ngan kari geleser.

Omongna mah, manehna teh bisa njetiran, omong eta urang Indian ka Jim Lewis. Satjara insting tjenah. Kuring mah pertjaja wae.

Andjeun teu kedah hariwang ka pun Aram mah, djawab Jim. Manehna memang tiasa njetiran. Ati2 bae, omongna.

Kuring muterkeun mobil nu gede tea lalaunan, ka luar ti djero toko agen tea gantjangna kira2 limapuluh mil sadjam. Jim Lewis nuturkeun sarta omongna, ati2, Aram, nepi ka djalan gede mah. Djero kota mah panggantjangna duapuluh lima mil sadjam.

Ari urang Indian tea teu njarita nanaon.

Andjeun supir nu katjida alusna, Willie, omongna. Persis siga omongan kuring tea. Andjeun teh urang Amerika sarta andjeun mah dilahirkeun teh dibarengan ku insting kana ngadjalankeun mesin kaja kieu.

Urang bakal nepi ka Mendota djero sadjam, omong kuring. Andjeun bakal ningali nu ngala lauk galedede di ditu.

Sabaraha djauhna Mendota teh? omong urang Indian teh.

Kira2 salapanpuluh mil, djawab kuring.

Salapanpuluh mil mah atuh djauh teuing mun dilakonon dina sadjam mah, omong urang Indian tea. Dua djam we tjukup. Urang bakal ngaliwatan sababaraha pamandangan nu aralus, kuring hajang nendjo ti kadeukeutan.

Mangga, walon kuring, tapi kuring mah katjida hajangna tereh dongkap sarta tuluj ngalalauk.

Mun kitu mah, omong urang Indian tea, atuh ajeuna heug wae djalankeun sakarep andjeun, tapi engke sawaktuwaktu kuring rek nitah andjeun ngurangan gantjangna, supaja kuring bisa nendjo sababaraha pamandangan nu aralus tea. Ajeuna mah gantjang teuing, kuring teu bisa nendjo nanaon. Malah kuring ge teu bisa matja surat perdjandjian nu tadi.

Kuring rek lalaunan *ajeuna pisan*, upami andjeun miwarangan, omong kuring.

LOKOMOTIP 38, SEKE ODJIBWE.

Ah henteu, djawabna. Djalankeun bae sagantjanggungantjangan.

Urang bakal dongkap ka Mendota dina lebet sadjam langkung tudjuhbelas menit. Kuring rek alon supaja andjeun bisa ningali kalajan laluasa, kadjabi di djalan nu rata sarta kotor taja pamandanganana mah.

Kuring ngadjalankeun mobil ka tanggul walungan beulah ka-tuhu. Urang Indian tea nanja ka kuring naha kuring terang kumaha mukakeun kap eta mobil supaja manehna bisa diuk tumaninah nje-rangkeun kuring ngala lauk. Kuring teh teu terang kumaha nurun-keun kap mobil tea, tapi kuring henteu ngumaha, nja bisa oge, sa-nadjan meakkeun waktu duapuluh menit lilana.

Kuring ngala lauk teh kira2 tilu djam lilana, tigebrus ka wa-lungan dua kali, sarta tungtungna mah kuring bisa newak lauk, hidji, leutik.

Andjeun mah teu njaho nanaon perkara ngala lauk, omong eta urang Indian.

Naha kuring midamel kasalahan? Kuring nanja.

Kabeh hal nu ku andjeun dipigawe, salah, omongna. Kungsi andjeun ngala lauk bareto ?

Tatjan, djawab kuring.

Teu njana, tembalna.

Naon kasalahan kuring teh? kuring nanja.

Henteu bisa ari kudu nerangkeun mah, djawabna, ngan andjeun ngala lauk teh taja bedana ti ngadjalankeun mobil.

Naha eta teh salah? omong kuring.

Henteu ari salah pisan mah, omongna, ngan moal aja hasilna, sarta tangtu we andjeun rek tigebrus ka walungan ge.

Kuring mah henteu tigebrus, djawab kuring. Kuring digebrus-keun ku djalma anu sedjen. Ongkoh djukutna lesang pisan.

Kuring meresan sagala pakakas sarta nanja ka manehna naha geus hajang balik atawa tatjan. Djawabna, manehna rek balik mun kuring geus rek mulang. Atuh kuring tuluj meresan perlengkapan ngala lauk, oge lauk dua laleutik sarta naek deui ka mobil, ngadja-lankeun mobil nudju ka kota.

Kuring njetiran Packard nu gede boga urang Indian suku Odjib-we tea, Lokomotip 38, salila manehna tjitjing di kota kuring, sadjero musim panas. Manehna salawasna tjitjing di hotel. Kuring njoba2 supaja manehna daek diadjar njetiran sorangan, tapi tjenah keur naon. Kuring ngadjalankeun eta mobil Packard sapandjang San Joaquin Valley dina eta musim panas, ari urang Indian tea di tu-kangeun kuring bari meuweung permen karet dalapan atawa salapan siki. Tjek manehna, kuring meunang indit ka mana wae nurutkeun sakahajang kuring, atuh kuring indit ka sababaraha tempat ngala lauk atawa pamoroan. Tjek manehna, kuring teh teu pisan2 bisa ngala lauk atawa moro, tapi manehna ngarasa bungah tjenah ku lantaran kuring daek njoba2. Sakaingat kuring mah manehna teh tara pisan seuri, sakali ketang njaeta waktu kuring ngetjeng hidji

kelentji make bedil ukuran 12, tapi henteu meneran kalah ka djeger keuna kana manuk gagak nepi ka hanteuna. Unggal waktu manehna ngajakinkeun kuring jen eta teh puntjak sukses kuring Ngetjeng kelentji, meunang gagak. Andjeun mah urang Amerika, omongna. Awaskeun bae djalan nu dipadju keu ieu mobil.

Dina hidji poe djero bulan Nopember taun eta keneh, lantjeukna datang ti Oklahoma; isukna waktu kuring data^{ng} ka hotel njampeur manehna, kuring meunang djawaban ti urang hotel, jen manehna geus balik ka Oklahoma djeu^{ng} lantjeukna.

Ari mobilna di mana? kuring nanja.

Dibawa apan, omong klerek hotel.

Saha nu njupiranana? omang kuring^{ng}.

Urang Indian tea, djawabna.

Apan aja dua urang Indian^a teh, omong kuring. Nu mana nu njupiran teh?

Nu tjitjig di ieu hotel tea, tjeuk klerek hotel.

Enja? omong kuring.

Kieu, omong eta klerek, kuring ngan ^aendjo manehna naek kana mobil, ngaluarkeunana ti buruan hotel sarta tuluj arindit. Ngan sakitu nu katendjo ku kuring mah.

Djadi maksud teh njarioskeun jen eta urang Indian bisa ngajalankeun mobil sorangan? omong kuring.

Eta teh memang katendjo ku mata sorangan, omong eta klerek hotel. Saliwatan mah manehna teh siga supir nu geus mahir.

Nuhu^a, walon kuring.

Di sapandjang djalan waktu mulang, kuring ngomong dina hate: manehna teh hajang *dipertjaja* ku kuring jen samasakali teu bisa njetiran mobil supaja *kuring* bisa njetiranana kalajan henteu ngarasa sieun disalahkeun. Hidji djalma ngora nu datang ka kota naek kalde, nu geus make kasempetan disenang²keun ku hidji budak kota leutik. Nga^a ku tjara kitu kuring bisa ngagambarkeun manehna kalawan teu kudu njebutkeun jen manehna teh edan.

*Disundakeun ku Ajip Rosidi tina :
'My name is Aram')*

Parker Aderson, ahli filsafat

„Tahanan, ngaran maneh?”

„Kumargi endjing ge endjing-endjing sim kuring bakal ka-leungitan manehna, asa samasakali teu kedah dirasiahkeun deui ku sim kuring. Parker Adderson.”

„Pangkat maneh?”

„Tjekap basadjan; opsir mah awis teuing kanggo nanggél akibat padamelan bahaja sapertos mata2. Sim kuring mah sersan.”

„Ti resimen mana?”

„Mugi teu djadi bendu; upami sim kuring ngawaler kana patarosan, numutkeun sakaterang mah, sim kuring bakal tiasa masihan kesan sareng saha pasukan djuragan papajun-pajunna. Kauninga sapertos eta sami wae sareng sim kuring ngiring njusun pasukan djuragan, punten wae teu tiasa ngawartoskeun.”

„Maneh lutju oge.”

„Upami djuragan kersa sabar ngantosan, endjing ge djuragan bakal tjekap ngaraos bosen ku sim kuring.”

„Kumaha numatak njaho, jen maneh kudu paeh isukan isuk2?”

„Kanggo mata2 nu ditangkep wengi2 mah, kitu kabiasaanana. Eta teh salah sawios kabiasaan anu pikalutjueun dina kalungguhan eta.”

Sang djendral teu malire kana kahormatanana nu pantes aja di saurang opsir Konfederasi nu luhur pangkatna djeung kawentar, waktu andjeunna harita mesem.

Tapi taja saurang-urang atjan, anu aja dina kakawasaanana djeung anu teu dipikanjaah mah, bakal nendjo alamat hade dina anu katangarna djiga njalujuan teh. Disebut pikaatoheun henteu pikanjerieun henteu; teu saeutik-eutik atjan ngageterkeun hate djelema2 nu araja didinja — mata2 nu katangkep, anu njababkeunana djeung padjaga nu mawa pakarang, nu nganteurkeunnana ka djero ten sarta anu ajeuna ngadjega rada beh tukang bari ngawaskeun tahanan nu katjaangan ku tjahaja lilin anu koneng. Teu, imut mah teu kaasup kana kawadjiban eta panglima; ditempatkeun didinja soteh keur tudjuan nu sedjen.

Tanja-djawab prak diteruskeun deui; pamustunganana apan ieu teh ngeunaan hidji „kadjahatan” nu kudu dibeuli ku pati.

„Djadi maneh ngaku, jen maneh teh hidji mata2, jen maneh datang ka pasanggrahan kami, mantjala dina pakean tantara teh, dibarengan ku maksud supaya rerentjepan meunang katerangan2 ngeunaan djumlah pasukan kami djeung kaajaanana?”

„Pangpangna mah perkawis djumlahna. Margi kaajaanana mah sim kuring ge parantos terang. Awon, mararukusunu.”

„Pameunteu djendral braj tjaang deui; padjaga, nu boga pamanggih leuwih beurat ngeunaan tanggungjawab, beuki nembongkeun beungeut nu heueuh sarta nangtungna beuki adjeg tibatan mimitina. Bari muter2 topina nu ngulapes dina ramona, si mata2 kalawah salse pek nitenan kaajaan sabudereunana. Basadjan, katjida basadjanna. Geuning ieu ten teh ten pasanggrahan biasa, kira2 ukuran dalapan-sapuluh kaki sarta ditjaangan ku sababaraha lilin-gadjih, nu ditantjebkeun kana gagang bajonet. Ieu bajonet nantjeb dina medja kisuluh, tempat djendral tea keur ngadukduk nulis: bangun les we poho ka tamuna anu teu dipikahajang tea mah. Permadani geus butut djeung aneh rupana nu nutupan taneuh, koper butut, korsi nu kadua djeung sababaraha simbut, tah sakitu kira2 saterusna mah anu kapanggih didinja teh; rupana dina pingpinan djendral Clavering mah kabasadjan djeung tajaan hurung-herang teh geus nepi ka puntjak kamekaranana. Dina paku anu pandjang, anu dipasang dina tihang deukeut lawang ten, ngagantung beubeur pedang, nu digantungan pedang pandjang, pestol keur dina sarangkana, djeung aneh bin adjaib, hidji bedog pandjang deuih.

Ngeunaan ieu gagaman anu pangpandeurina sarta teu basipat tantara, tjeuk djendral mah eta teh tandamata nu katjida pang dipikanjaahna, ti keur djaman ajem-tengtrem, waktu andjeunna djadi rajat biasa keneh.

Harita teh peuting gede angin. Hudjan turun babandjiran kana lajar ten. Sorana nu dodorodogan djigana geus teu aneh deui keur nu sok tjaritjing dina ten mah. Angin ngagelebug terus-terus2an, atuh eta barang anu hengker teh bubak-babuk djeung ngabetotan tihang2 djeung tali2 anu kudu nahanna.

Sanggeusna djendral tea nulisna rengse, surat teh terus dilipet dobel sarta pokna ka pradjurit nu ngadjaga Parker Adderson: „Tassman, bawa ieu ka adjudan-djendral, mun enggeus balik deui, nja.”

„Dupi tahanan, djendral?” tjeuk si-pradjurit bari mere hormat djeung nendjo ka palebah si-sial.

„Djalankeun parentah weh,” djawab si-opsir pondok.

Atuh kop we surat teh ditjokot ku pradjurit tea, leos ka luar. Ret pameunteu djendral Clavering nu kasep djeung lemes rautanana ngalieuk ka mata2, bari melong bageur kieu pokna: „Na aja peuting goreng2 teuing nja, djang?”

„Kanggo sim kuring panginten.”

„Bisa maneh ngira2 naon anu geus ditulis ku kami bieu?”

„Rupina mah hidji hal anu aja hartosna kanggo diaos. Sarengnanging tiasa djadi ieu teh mung kaadigungan sim kuring wungkul-sim kuring wantun mastikeun jen sim kuring kasabit-sabit dilebetna”.

„Heueuh, eta teh memorandem, nu engke bakal dibatjakeun ka pasukan2 dimana geus hararudang, ngeunaan panglaksanaan

hukuman maneh. Saterusna ngamuat oge tjatetan² keur kapten anu kudu ngatur kaistimewaan² dina eta kadjadian."

„Ari kahojong mah djendral, hojong teh upatjarana tiasa diatur saberes-beresna, margi apan sim kuring ge ngiring nungkulan."

„Naha kira-kirana aja keneh sababaraha aturan anu hajang katendjo ku maneh engke? Bisi we hajang ngomong djeung pandita heula, upamana."

„Atuh upami kitu mah — sakumaha sakedapna oge — sim kuring moal tiasa ngadjamin maneh bakal tiasa reureuh langkung lami tibatan waktos reureuhna anu parantos direbut ku abdi."

„Masja Allah, na ari maneh teh ngan rek bobodoran we bobodoran saentjana paeh teh? Naha teu ngarti, jen ieu teh hidji kadjadian anu serieus?"

„Kumaha sim kuring bade terangna? Saumur dumelah ge sim kuring mah teu atjan sakali-kali atjan ngalaman maot. Leres, kantos sim kuring ge nguping, jen maot teh hidji hal anu serieus, nanging da ari nguping ti anu parantos ngalamanana mah asa teu atjan kantos."

Djendral sadjongdjongan mah ngahuleng; ieu djelema teh kajida narik perhatianana, malah bisa djadi kamanah — kakara manggih djelema tipe kieu.

„Paeh teh," saur andjeunna, "paling saeutikna hidji karugian — hidji karugian keur bagdja anu ku urang geus kaalaman djeung keur kasempetan pikeun ngalaman deui."

„Karugelan sapertos kitu, anu ku urang hamo kahartos, tiasa ditanggung kalajan ajem, sarta kumargi kitu tiasa dipajunan kalajan teger. Tangtos ku djuragan ke kauninga djendral, jen ti sadajana anu maraot, anu kalajan kabingahan hidji pradjurit parantos diawur-awur ku djuragan sapandjang nu kalangkungan, teu aja saurang-urang atjan nu ningalikeun tawis-tawis kaduhung."

„Lamun enja paehna-sorangan lain hidji kaajaan anu njedihkeun, tapi toh tetep wae ari rek-paehna mah, waktu urang keuna ku patina mah, pasti teu ngeunah keur djalma nu masih boga rarasaan keneh mah."

„Njeri mah pertjanten teu raos ge. Sim kuring sorangan ge tara dugi ka tara teu ngaraos repot sakedik-kedik atjan. Nanging anu panglamina gumelar, tangtosna ge langkung seueur deui kamungkinana bakal ngalamanana. Naon anu ku djuragan disebut maot teh, numutkeun pamendak mah, teu aja sanes mung njeri pangpanjeepanana — dupi dina kanjataanana mah teu aja we saleresna mah anu sok disebut maot teh. Upamina wae, sakadar kanggo tjonto, sim kuring njobi bade minggat. Sret djuragan njabut pestol anu dina waktos ieu ku djuragan nudju disumputkeun kalajan hormatna, teras"

Rej djendral bareureum lir modjang, tjikikik seuri leutik, bari mintonkeun waosna anu alus, terus ungueuk sakeudeung ku mastakana anu endah, djep djempling. Tjeuk mata² nulujkeun deui: „Dor djuragan mestol, bus kana beuteung sim kuring aja hidji barang anu abus, anu henteu diteureuj ku sim kuring. Teras sim

kuring ngudupung, nanging teu maot. Saparantos satengah djam lamina ku sim kuring karaos patingtjelekit, nembe sim kuring maot. Nanging waktos mana wae tina nu satengah djam tea nu ku urang ditjandak, sim kuring *atanapi* hirup *atanapi* maot. Sama-sakali teu aja masa peralihan."

„Upami sim kuring endjing digantung, kaajaanana sami wae sareng kitu; salami sim kuring masih keneh inget, sim kuring hirup; upami sim kuring maot, sim kuring teu inget. Rupina alam teh parantos ngatur hal2 eta numutkeun kaperluan sim kuring — nganggo tjara nu ku sim kuring sorangan ge kana tangtos kitu diaturna.

Kalintang gampilna, „tambahna bari imut, dugi ka ngagantung teh, meh teu aja hartosna we sama sakali."

Sanggeusna namatkeun pituduh2 kitu terus djempling rada lila. Djendral mah pikiranana euweuh didinja harita teh, da sanadjan sotjana melong ge kana beungeutna eta lalaki, ari rupana mah sagala nu ditjaritakeunana teh teu kadangueun. Saperti ari sotjana mah ngadjaga tahanan, tapi emutanana keur njanghareupan nu sedjen.

Teu puguh2 terus andjeunna narik napas pandjang djeung djero, terus bibirigidigan saperti hidji djalma nu dihudangkeun tina impian nu pikasieuneun sarta pokna tjenah meh teu kadenge: „Paeh teh katjida luarbiasana."

„Luarbiasa soteh kanggo karuhun urang anu liar keneh," tjeuk eta mata2 serius, „kumargi arandjeunna mah teu dugieun uteukna kanggo misahkeun ide kasadaran tina wangunan2 badanina tempat djumelmana — sapertos eta we anu tahapan kasadaranana masih handap keneh, monjet upamina, hamo bisaeun ngagambarkeun imah tanpa anu njetjingan, dugi ka upami nendjo rorompok ambruk teh nimbulkeun ingetan ajana pangeusi nu kaurugan. Kanggo urang, numawi maot luarbiasa teh, kumargi urang diwaris katjondongan kanggo nganggap hal eta hidji hal anu luarbiasa, anu oge masihan katerangan naon margina urang sok gaduh gambaran sareng tiori2 anu teu lebetakal perkawis dunja nu benten — sapertos nami sababaraha tempat nimbulkeun dongeng2 anu masihan katerangan perkawis hartosna, sareng milampah hidji pagawean anu bodo kudjalan ngahirupkeun hidji filsafat anu ngalereskeun kalakuan kitu.

Djuragan tiasa ngagantung sim kuring, djendral, nanging kakawasaan djuragan mung dugi ka dunja djahat; djuragan moal tiasa ngahukum sim kuring dugi ka aherat."

Horeng djendral teh teu ngadangukeun; batjeo mata2 tea ngan mawa emutanana ka daerah anu tjan dikenal, tapi sanggeusna djol ka dinja terus njokot djalanna sorangan sarta datang kana kasimpulanana sorangan. Angin nu ngagelebug geus mimiti eureun sarta aja nanaon tina djiwa peuting anu resmi anu ngabaturan lamunana sarta mulas ku pulas2 kasieun luarbiasa anu sarurem. Bisa djadi aja hidji unsur ramalan di djerona. „Kami mah embung teuing paeh," tjenah, „henteu peuting ieu."

Andjeunna kapegat — lamun maksudna sakurang-kurangna rek ngomong terus mah — ku abusna saurang opsir setapna, kapten Hasterlick, kapten nu kapapantjenan nalingakeun kaberesan djeung kataatan. Ku ajana ieu, andjeunna djadi emut deui kana purwadaksina; titingalianana anu tadina suwung teh harita keneh les leungit.

„Kapten,” saurna, ngadjawab panghormat opsir tea, ”ieu djelema hidji mata2 Yankee, nu dina dirina mawa surat2 nu ngabeuratkeun manehanana, katohjan aja di daerah urang. Manehna geus ngaku. Kumaha kaajaan hawa dina waktu ieu?”

„Angin pujuh parantos liren, bulan tjaang.”

„Hade — bawa sababaraha djalma, titah bawa manehanana ka lapangan tempat ngahukum sarta bedil nepi ka paeh.”

Hidji djeritan kaluar tina biwir mata-mata tea srog muru ka hareup, sarta terus ngeuleugeugkeun beuheungna; panonna molotot, leungeunna dipeureup2keun.

„Ja Allah!” tjenah, meh teu kadenge. „Eta teu tiasa djadi. Djuragan hilap — jen nembe endjing sim kuring kuduna maot.”

„Kami sama-sakali teu rumasa njabit-njabit isuk,” djawab djendral tiis, „eta mah panjangka maneh we wungkul. Maneh paeh ajeuna.”

„Nanging djendral, sim kuring panuhun — sim kuring lumenngis supados djuragan emut, jen sim kuring mah kedah digantung. Aja sababaraha djamna nu kedah kalangkungan sateuatjanna gantungan ngadeg — dua djam — sadjam. Mata2 digarantung; sim kuring gaduh hak numutkeun undang2 militer. Demi Allah, djendral, emutan sakedap kumaha sakedapna

„Kapten, djalankeun parentah kami.”

Sang opsir sret narik pedangna sarta bari mentjrong ka tahananana tea, nundjuk bari balem kana lawang ten. Tahananana, pias lir majit, agag-agagan, si opsir kek newak kerah badjuna sarta lalaunan disurungkeun ka hareup. Waktu djol nepi kana tihang ten, tahananana nu keur napsu ngagugudag djleng ngadjleng ka dinja sarta saperti katjepetan hidji utjing kerewek perah bedog ditewak, belesat narik eta gagaman tina sarangkana, giwar kapten disurungkeun ka gigir, gabrug ngarontok djendral dibarengan ku napsu hidji djalma edan, gebut dibantingkeun kana taneuh terus dirontok. Medja metjleng kasurungkeun, lilin pareum; der garelut sakatewakna2 di nu poek. Kapten ngadjleng nulungan dununganana, tapi kababetkeun ngaliwatan nu keur tjampuh. Sora nu njarekan djeung djerit nu ngambek djeung njeri nu kurang etjes kadengena kaluar ti anggota2 badan djeung awak2 anu keur papuket; ten runtuh ninggang manehanana sarta di handapeun tilepan2ana anu ngagokan djeung kusut galungan diteruskeun.

Pradjurit Tassman, anu kakara mulang tas ngadjalankeun tahananana sarta boga sangkaan anu remeng2 ngeunaan naon anu keur kadjadian, sok neundeun bedilna, sarta sanggeusna kabeneran bisa narik lajar nu gegeleberan, manehna adug-ladger njoba narik bagian nu katindihan ku djelema2 handapeunana; padjaga anu leumpang

pulang-anting hareupeun ten djeung anu teu wani ninggalkeun posna, sanadjan langit luhureunana tjeuk paribasa tea mah ragrag, ngabekaskeun bedilna. Sora bedil mere tangara ka sakuliah pasang-grahan; tambur nabeuh apel, sarta tarompet norotot nitah kumpul, anu njababkeun budalna djelema2 satengah tarandjang, anu marake pakeanana teh bari leumpang, sarta terus nangtung dina barisan, dikomandoan ku opsir2na nu gogorowokan.

Hal anu pangpandeurina ieu katjida hadena, sabab dina barisan djelema2 tea aja dina pangawasan; maranehna narangtung sapa-karangna2, sedeng setap umum djeung djelema2 ti bagian pangiring djendral mulangkeun deui katengtreman kudjalan njingkirkeun ten nu runtuh tea sarta ngabetot djelema2 nu keur galungan djeung pinuh ku getih tea supaja papisah. Anu bener2 „beak napas” mah ngan saurang; kapten tea paeh, gagang bedog nolol tina beuheungna, tapi handapeun gadona balik deui da ka surungkeun deui, nepi ka tungtungna pageuh tjitjing dina djuru tjarehamna; leungeun anu nubleskeunana, rupa-rupana teu bisaeun narik deui eta pakarang. Dina leungeunna, si majit masih keneh ngeukeuweuk pedangna ku tanaga nu ngungkulan tanaga nu hirup. Wadja pedangna pinuh ku getih nepi kana panjekelna.

Djendral, anu ditulungan nangtung, ngagebru deui bari humarurung, les kapidera. Salian ti tatu diditu didieu, andjeunna meunang dua todjosan pedang deuih, hidji dina pingpingna, hidji deui dina pundakna.

Ari mata2 tea mah pangsaeutikna meunang tatuna. Salian ti leungeun nu potong, tatuna sakitu mah teu pira, da saenjana mah bisa oge dipiboga dina gelut biasa make gagaman biasa. Tapi manehna langlanglingling, sarta djigana teu insap saeutik-eutik atjan ngeunaan naon nu geus kadjadian. Manehna undur2an ti djalma2 anu ngalieuk ka manehna, murungkut kana taneuh sarta nolak ku peta2 nu teu pikahartieun. Beungeutna, nu barengep ku paneunggeul djeung baloboran getih, handapeun buukna katendjona mana horeng djiga pias oge — pias, anu sering kapanggih dina majit.

„Henteu ari edan mah eta djelema teh,” „tjeuk opsir kasehatan ngadjawab pananja, „ngan sieuneun wungkul. Saha sih manehna teh, keur naon make aja didieu?”

Barabat ku pradjurit Tassman diterangkeun. Ieu teh kasempetan hidji2na dina hirupna; taja saeutik-eutik atjan anu kapohokeun ku manehna, anu sakirana bisa nguatkeun rol penting nu ditjekelna dina kadjadian2 peuting eta. Waktu ngadongengna geus tamat sarta rek ngamimitian sakali deui, geus taja saurang-urang atjan anu daek ngadengekeun ka manehna.

Braj djendral eling deui. Salirana diangkat ku siku pananganana, terus ningalian sakurilingeunana. Barang katingalieun jen mata2 tea, anu harita keur tjingogo hareupeun durukan, masih didjaga keneh, saurna babari pisan :

PARKER ADDERSON, AHLI FILSAFAT

„Bawa eta djelema ka lapangan panghukuman sarta bedil nepi ka paeh.”

„Djendral nudju kaweur,” tjeuk opsir nu nangtung dideukeut andjeunnanana.

„Andjeunna *henteu* nudju kaweur,” tjeuk adjudan djendral, „kuring boga memorandum ti andjeunna ngeunaan ieu; andjeunna geus mere parentah anu sarua ka Hasterlick — bari ngomong kitu manehna nundjuk ka kapten anu geus paeh — sarta, demi Allah, bakal didjalankeun.”

Sapuluh menit ti harita, Parker Adderson, sersan di pasukan golongan federal, ahli filsafat djeung nu bidjaksana, tapak deku dina tjaang bulan, ngalengis mementa dihirupan ku ketjap2 nu teu puguh alang-udjurna sarta dibedil ku duapuluh urang. Waktu sora bedil disada dina hawa usum tiris anu seukeut, djendral Clavering, anu pias sarta ngagoler teu usik teu malik deukeut tjahaja seuneu durukan nu beureum burahaj, braj mukakeun sotjana, terus melong bageur ka djalma2 nu keur narangtung sakurilingeunana sarta saurna: „Naha nja bet aja sararepi teuing?”

Opsir kasehatan melong ka adjudan-djendral ku panon anu seukeut djeung pinuh ku harti. Mata anu rubuh ku bedil reup nutup lalaunan, peureum, peureum, peureum, kitu saterusna nga goler pikeun sababaraha lilana; teu lila braj beungeutna dipinuhan ku imut leutik anu teu bisa diterangkeun sarta tjeuk manehna lalaunan :

Djigana nja ieu paeh teh,” tah kitu paehna.

(*Disundakeun ku R.S.W.*).

Lutung Kasarung

Bul ngukus mendung ka manggung,
ka manggung neda papajung,
ka Dewata neda suka,
ka Pohatji neda sutji :
kuring rek diadjar ngidung,
nja ngidung tjarita pantun,
ngahudang tjarita wajang,
njilokakeun njuktjruk laku,
njuktjruk laku nu bahaju,
mapaj lampah nu baheula.

Lulurung tudjuh ngabandung,
kadalapan keur disorang,
bisina nerus narutus,
bisina naradjang alas.
Palias nerus narutus,
palias naradjang alas,
da puguh galuring tutur,
ngembat papatan tjarita.

Ti mendi pipasinieun ?
Ti mana pitjaritaeun ?
Ti teureuh ti Kahiangen :

Ditandean tjupu manik,
Tjupu Manik Astagina;
diwadahan sarat tangan;
dituruban ku mendepun;
diteundeun di djalan gede.
dibuka ku nu nu ngaliwat :
ku nu weruh disemuna,
ku nu terang di djaksana,
ku nu rantjage di angen;
dibuka: patinghaleuang
nu menta dilalakonkeun.

T J A G !

T e u n d e u n di handeuleum sieum,
t u n d a di handjuang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

Tjaturkeun Ratu nu mana ?
Tjaturkeun Rat^u nu kidul

LUTUNG KASARUNG

*Kami mah palias keneh,
bisi guru tanpa puhun;
Ratu kulon kitu keneh :
kami mah palias keneh,
bisi guru tanpa sangkan;
Ratu kaler kitu keneh :
bisi guru tanpa seler;
Ratu wetan :
tatjan keuna,
bisi mareng tan landesan.*

*Tjaturkeun wekasanana :
wiwitan di dinja keneh.*

*Neda agung nja paralun,
neda pandjang pangampura :
rek ngusik-ngusik nu tjalik,
ngobah-ngobah nu keur tapa.*

*Kiwari ngantjik di mendi ?
Ajeuna ngandjang di mana ?*

*Di Nagara Pasir Batang,
Pasir Batang anu girang.*

*Saha eta nu ngalaman
di Nagara Pasir Batang ?
Ngaran tilu sakawolu,
ngaran dua sakarupa,
sahidji keunana pasti :
Ka Mas Prabu Tapa Ageung,
miwah ka tuang si-dalem,
nu geulis Nitisuari,
kadeuheus di Pasir Batang.*

*Sakiwari keur puputra,
puputra reana genep;
teu gaduh putra lalaki,
tuang putra kabeh istri;
santen didjenengkeunana,
pajus meunangna djudjuluk,
kakasih beunang pipilih.*

*Saha didjenengkeunana ?
Hidji Mas Purbararang,
dua Mas Purbaendah,
tilu Mas Purbadewata.*

opat Mas Purbakantjana,
 lima Mas Purbamanik,
 genep Mas Purbaleuwih,
 katudjuh djeung putri bungsu.

Saha didjenengkeunana ?

Ngaran tilu sakawohu,
 ngaran dua sakarupa,
 sahidji keunana pasti :

Njimas Purbasari,
 Purbasari aju wangi,
 Kantjana aju dewata,
 Dewata radjuna tapa,
 Tapa emas tapa radja,
 Radja mas tapa kusumah.

Semu ratu sorot menak;
 buku bitis muril-muril;
 tetenger djadian kuring;
 bubu punduk miuh-miuh :
 tetenger djadian taun;
 sanga-uang dina tarang;
 tetenger djadian kuras;
 puter kurung dina irung;
 tetenger teureuh wong agung;
 tapak djalak dina letah;
 tetenger bisa marentah;
 taktak taradju djawaeun;
 geulis ti nitis ngadjadi,
 djalma lendjang ti pangpanjna;
 geulis datang ka ngalahir,
 trus ka langit pingpitu,
 parat ka tjongkar buana,
 komara mantjur ka lanjit.

Tjek Purbararang :
 „Geugeulisanan Purbasari,
 bakal ngalindih ka aing.
 Tjing sia mangka deukeut!”
 „Sia daek diboborehan?”
 „Kumaha pangersakeun
 djeneng si Teteh.”
 Ludak ledok diboborehan.

Lain teu uni boboreh:
 dipulasan keler nahun!

LUTUNG KASARUNG

*Nu geulis ngadadak goreng :
hideung batan wadah teuleum,
bangbang awak batan gagak.
Ngan sorotna henteu leungit,
sasemu keneh djeung Ambu*

*Pakean djiga kiramaj,
karembong sabarubutan,
salindang sariga rambang,
dibahanan boboko buntung,
dibahanan tjetjempeh rombeng,
dibahanan kudjang buntung,
bawaeun linggih ka gunung.*

*„Adi, sia hajang hirup ta henteu ?”
„Teteh, teu kangkat
ngalalangkungan ngapapalangan,
mana hirup ku Gustina,
mana waras ku Jang Widi,
waluja ti Kawasana,
teu beunang dipake kahajang,
dipake kaembung.*

Si Adi

*kari kumaha pangersakeun
djeneng si Teteh.”
„Lamun sia hajang awet hirup,
di ditu pienggoneun sia :
di Gunung Tjupu Mandala Aju,
mandala kasawiatan, di hulu dajeuh!
Dina palupuh sabebek,
dina hateup sadjadjalon,
dina tjai teu inumeun,
dina areuj teu tilaseun,
dina djalan teu sorangeun,
sakitu kasaramunan.”*

*„Teteh, kari kumaha
pangersakeun bae”.
„Mama Lengser!
Anteurkeun si bungsu, si Purbasari!”*

*„Nun, Pangulu tandang,
sumuhun darma panjaur,
tarima dipangandika,
tuang kuring teu lambat ngadeuheusan,*

rek amit mundur.”
 Tjedok njembah
 indit ngusap birit,
 angkat ngusap sindjang:
 bisi kawiwirangan keur ngawula.
 Djut turun si Lengser.
 Purbasari tjedok njembah :
 „Teteh, awaking amit mundur,
 teu lambat ngadeuheusan.”
 Djut turun,
 katjatjang kolear angkat,
 memeh angkat keupat heula :
 bisi pugag sabot seba;
 Mama Lengser djadi ujunan.

Metu lawang mandjing lawang,
 metu di lawang pingpitu,
 datang ka lawang pingsanga,
 dangdeung ka paseban ageung,
 djog ka alun-alun,
 ka lawang panggung,
 parapas ka lawang luar,
 medal ti lawang saketeng,
 kulantung turut tulurung,
 lulurung tilu ngabandung,
 kaopat nu keur disorang,
 kalima heuleut-heuleutan.

Djog ka pipir gunung:
 kana pahupuh sabebek,
 kana hateup sadjadjalon,
 Mama Lengser ngalahir :
 „Nja ieu pigeusaneun betah,
 Rama teu kapundi ku Gusti,
 teu katampa ku Radja.”
 „Mama Lengser,
 teu tarima dibuang,
 tarima dititah tapa.
 Kadjeun nalangsa ajeuna,
 sajan mangpaat djagana,
 da ku nagara
 dipista.”

Sedok njembah Mama Lengser:
 „tuang kuring rek amit balik,
 teu lambat ngadeuheusan.”

LUTUNG KASARUNG

„Mama Lengser,
tjunduk nganggur,
sindang palaj,
da kami tinggara keneh:
ku Teteh teu dibekelan;
Mama, pangampura bae.”

„Ulah pandjang dipitjatur,
geus kateda katarima”
sedok njembah,
indit ngusap birit,
angkat ngusap sindjang,
djut turun,
kulintjer ka pipir :
mulih.

Teu dibilang di djalanna,
dibilang datangna bae:
djog ka nagara,
bus ka padaleman.
„Bagea nu tjalik,”
sendok njembah Mama Lengser.
Purbararang orokaja gantjang nanja :
„Purbasari geus dianteurkeun?”
„Nun, Pangulu tandang.

enggeus reres,
lebok puas,
ngeunah sorangan,
taja baturna,
dina leuweung luwang-liwung.”
Lengser tjatjap haturan
tas ngabuang Purbasari.
Si Lengser ngeureunan palaj.

T J A G !

Teundeun di handeuleum sieum,
tunda di handjuang siang,
paranti njokot ninggalkeun.
Tjaturkeun di pipir gunung
Purbasari :

tjalik dina palupuh sabebek,
dina hateup sadjadjalon :

ngagedengkeun Sanghjang Kintjir.
kapenit kakurilingkeun :
„wajahna da keur gawena.

LUTUNG KASARUNG

*Kami mah palias keneh,
bisi guru tanpa puhan;
Ratu kulon kitu keneh :
kami mah palias keneh,
bisi guru tanpa sangkan;
Ratu kaler kitu keneh :
bisi guru tanpa seler;
Ratu wetan :
tatjan keuna,
bisi mareng tan landesan.
Tjaturkeun wekasanana :
wiwitan di dinja keneh.*

*Neda agung nja paraban,
neda pandjang pangampura :
rek ngusik-ngusik nu tjalik,
ngobah-ngobah nu keur tapa.*

*Kiwari ngantjik di mendi ?
Ajeuna ngandjang di mana ?*

*Di Nagara Pasir Batang,
Pasir Batang anu girang.*

*Saha eta nu ngalaman
di Nagara Pasir Batang ?
Ngaran tilu sakawolu,
ngaran dua sakarupa,
sahidji keunana pasti :
Ka Mas Prabu Tapa Ageung,
minwah ka tuang si-dalem,
nu geulis Nitisuari,
kadeuheus di Pasir Batang.*

*Sakiwari keur puputra,
puputra reana genep;
teu gaduh putra lalaki,
tuang putra kabeh istri;
santen didjenengkeunana,
pajus meunangna djudjuluk,
kakasih beunang pipilih.*

*Saha didjenengkeunana ?
Hidji Mas Purbararang,
dua Mas Purbaendah,
tilu Mas Purbadewata.*

LUTUNG KASARUNG

*kasarung ku sadulurna,
kasimpar ku barajana."*

*Djalanna :
kana nunuk anu djenuk,
kana malaka nu rea,
djog ka peundeuj ageung:*

*„Sato djenuk mangka taraluk,
sato rea mangka araja,
sasugrining sasatoan,
sakur nu bisa usik,
sapangeusining Djagat gorombjangan,
lamun geus taluk:
kingkila terusing Ratu,
rembesing kusuma;
lamun teu taluk:
kingkilaning lain."*

*Ulah bon sipating nu usik,
rongrong gogodongan
pada njembah sudjud ka dinja:
nu ti kidul njembah ngaler,
nu ti kaler njembah ngidul,
nu ti kulon njembah ngetan,
nu ti wetan njembah ngulon.*

*„Tulus awaking terusing Ratu,
rembesing kusuma,
da sakabeh pada sudjud."*

T J A G !

*Teundeun di handeuleum sieum,
tunda di handjuang siang,
paranti njokot ninggalkeun.*

*Tjaturkeun di Buana Pantja Tengah,
Umbul pogor Nagara Pasirbatang,
ngandika Sang Ratu ka si Lengser:
„Geura dikongkon Aki Panjumpit
ngalasan ka leuweung iwak satoning lutung,
ulah rek kasurupan panonpoe,
kabedugan,
lamun kabedugan :
teukteuk beuheung tilas adegan
Ki Panjumpit katut anak-rabina."
„Nun, Gusti sembaheun kuring,
sumangga darma panjaur,"*

sedok njembah,
 indit ngusap birit ngusap sindjang :
 bisi kawiwirangan keur ngawula.

Djut turun,
 katjatjang kolear angkat,
 memeh angkat keupat heula :
 bisi pugag nja ngalengkah.

Metu lawang mandjing lawang,
 metu di lawang pingpitu,
 medal di lawang pingsanga,
 dangdeung ka paseban ageung,
 djog ka alun-abun,
 ka lawang panggung,
 parapas ka lawang luar,
 medal ti lawang saketeng,
 kulantung turut lulurung,
 lulurung tilu ngabandung,
 kaopat nu keur disorang,
 kalima heuleut-heuleutan.

Djog ka Aki Panjumpit:
 „Dahalal, Aki Panjumpit, neda eureun.”
 „Bagea nu tjalik, neda ngeureunan palaj.”
 „Lengser,”
 orokaja gantjang nanja :
 ..reuwat ambuing sieun,
 na datang dipiwarang,
 na tjunduk dipiutus,
 na niat sorangan ?
 nun rampes pikonokeun.”
 „Tjunduk dipiutus,
 datang dipiwarang,
 ngembah pangandika ti nagara,
 Aki Panjumpit dipundut gawena :
 ngalasan ka leuweung iwak satoning lutung,
 patjuan rek kasurupan panonpoe,
 kabadugan,
 mun kabadugan :
 teuteuk beuheung tilas adegan
 katut rabina, tjek timbalan.”
 „Ari sanggup bisi luput,
 ari tangguh bisi poos,
 haturkeun 'rampes' bae;
 meunang henteuna kumaha bagdjana,
 sugan aja bagdja gusti lawan kuring.”
 Lengser: „amit mundur,
 teu lambat ngadeuheusan.”

Djut turun,
kulintjer kapipir :
mulih .

Teu dibilang di djalanna,
dibilang datangna bae:
djog datang ka nagara,
geblus ka padaleman,
Sang Ratu kasampak
kasondong aja.

„Bagea nu tjalik,”
parapat muatkeun sembah:
tarima anu ngawula.

„Lengser,
dipiwarang ka Aki Panjumpit
kumaha wangsulanana?”

„Nun; Gusti sembaheun kuring,
dipiwarang tjatjap pisan.

Tjek Aki Panjumpit:
meunang henteuna kumaha bagdjana,
sugan bagdja gusti lawan kuring.”

Lengser ngeureunan palaj tas dipiwarang.

T J A G !

Teundeun di handeuleum sieum,
tunda di handjuang siang,
paranti njokot ninggalkeun.

(hantja).

PALAJ NGIRING TANDANG KANGGO KAPENTINGAN SUNDA ?

1. Anggo basa Sunda sadidinten dimana-mana, boh di bumi, boh di luar.
2. Sajagikeun aosan basa Sunda di bumi.
3. Upami putra resepeun kana kasenian Sunda : ajunkeun kahjongna ; upami teu atjan resepeun : usahakeun. Djagi putra tina wiwirang mung tiasa dugi ka keprok wungkul.
4. Amalkeun sagala kauninga ulah dugi ka njesa ka papada Sunda, supados kauninga tea djadi kagaduh Sunda. Djadi ulah dugi ka Sunda kedah ngawitan deui kumargi kalepatan salira : supados aja kontinuiti.
5. Kasabaran kedah mung dugi ka mista—madja—utama, langkung ti eta parantos kalebet „TEUING” : kedah wantun ngajakeun balitungan, supados ulah wanieun deudeuieun deui.
6. Tjepeng teguh paribasa : BURUK2 PAPAN DJATI. Tjolok dina unggal pamilihan umum TANDA GAMBAR NU GADUH MAKSAD NGABELA SUNDA.
7. Ulah isin2 nampi kalungguhan, ulah bascheiden. Langkung sae ditjepeng ku Sunda tibatan ku bangsa sedjen. Kaper-tjantenan ka diri sorangan sareng ka bangsa sorangan kedah dikandelan ; kalungguhan di daerah sorangan nu dipasrah-keun ka batur, sami sareng ngahina diri sareng bangsa sorangan. Sakumaha gelona Sunda, moal edan saperti batur dina tindakanana ka Sunda, nanging djagi ulah dugi ka salira didamel alat batur.



sugan tjitjing lalaunan."
 Ngagedengkeun Sanghjang Seeng,
 kabarangsang kapanasan,
 sangkilang ditatangankeun :
 wajahna da keur gawena,
 sugan tiis lalaunan."

Purbasari keur meudjeuhna ngeureunan palaj.

T J A G !

Teundeun di handeuleum sieum,
 tunda di handjuang siang,
 paranti njokot ninggalkeun.

Neda agung nja parahun,
 neda djembar pangampura.

Tjaturkeun ratu di manggung,
 tjarita di Kahiangjan:
 Guru Minda Kahiangjan,
 anak Dewata tjikalna,
 titisan Guru Hjang Tunggal,
 seuweu Batara di langit,
 ngabudjang di pradewata,
 kasep taja papadana,
 keur meudjeuhna teguh tjangtjut.
 Tuluj ngimpi kagungan bebene
 sarupa djeung Sunan Ambu,
 ngalingling ngadeuleu maling.
 „Ulah goreng tingkah ka pangasuh:
 pamali batan maling,
 haram batan djinah;
 geura boro pidjodoeun,
 aja nu sarupa djeung Ambu
 di Buana Pantja Tengah.”

„Ulah udjug-udjug ka dinja,
 ieu anggo raksukan heula
 dina Sanghjang Mega Hideung,
 pendok emas
 rekakeun bakaling buntut,
 emas dua penggel
 tapelkeun di luarna;
 enggeus nganggo raksukan,
 salin djenengan
 kana Gan Lutung Kasarung,